**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Berdaq ati’ndag`i’ Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Qallibekov Aqi’lbek**

# Tema: Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalardi’n’ tiykarg’i’ ha’m qosi’msha fonologiyali’q belgileri

**PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’**

**Ilimiy basshi’: akademik Abatbay Da’wletov**

**No`kis – 2013**

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Fakultet dekani’: docent Q. Turdi’baev

Kafedra basli’g’i’: professor M. Qudaybergenov

Ilimiy basshi’: akademik A. Da’wletov

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalardi’n’ tiykarg’i’ ha’m qosi’msha fonologiyali’q belgileri

Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Qallibekov Aqi’lbektin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na
«_____» bahasi’ qoyilsi’n.
«_____» _________ 2013-ji’l.

MAK basli’g’i’: ___________________________

MAK ag’zalari’: ___________________________

___________________________

___________________________

**Kirisiw**……………………………………………………………….3

a) Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ izertleniwi……………………….3

b) Fonemalardi’n’ tiykarg’i’ (ma’ni ayi’ri’wshi’) ha’m qosi’msha (ma’ni ayi’rmaytug’i’n) belgileri haqqi’nda tu’sinik…………………………………9

**I BAP. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri**……………………………………………………………13

a) U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri………….17

b) U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri………...25

c) Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri…………31

**II BAP. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ qosi’msha (fonetikali’q) belgileri**…………………………………………………………………….34

a) Dawi’ssi’zlardi’n’ qon’si’las seslerdin’ ta’sirine qaray qosi’msha (fonetikali’q) belgileri…………..…………………………………34

b) Dawi’ssi’zlardi’n’ so’zlerdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda keliwine baylani’sli’ qosi’msha (fonetikali’q) belgileri………………………..38

**Juwmaq**……………………………………..…………………………47

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**……………………………………………..50

## Kirisiw

## a) Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ izertleniwi

Qaraqalpaq tilinin’ izertleniwleri basqa tu’rkiy tillerge sali’sti’rg’anda keshirek baslani’wi’na qaramastan, bu’gingi ku’ni wo’z rawajlani’w joli’na iye boldi’.

Qaraqalpaq tili boyi’nsha da’slepki izertlewler XX a’sirdin’ 30-ji’llari’nan baslani’p, rus ilimpazlari’ ta’repinen qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri izertlenip tyurkologiyada worni’ belgilenip berildi.

Yen’ da’slepki izertlewler tyurkolog ilimpazlar S.E.Malovti’n’[1], E.D.Polivanovti’n’[2], N.A.Baskakovti’n’[3] miynetleri boli’p tabi’ladi’. Bul ilimpazlar ilimiy ekspediciya sebepli Qaraqalpaqstang’a kelip, qaraqalpaq tili boyi’nsha ayri’qsha fonetikasi’ boyi’nsha izertlewler ali’p barg’an.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin qamti’ytug’i’n da’slepki miynet N.A.Baskakovqa tiyisli. Wol qaraqalpaq tilinde tikkeley janli’ baqlawlar wo’tkerip, qaraqalpaq tilinin’ fonemalari’ni’n’ qurami’n ani’qlap, qi’rq bir sesten ibarat ha’m woti’z bir ha’rip penen an’lati’ladi’. Tog’i’z ha’rip won alti’ dawi’sli’ sesti, jigirma yeki dawi’ssi’z fonema jigirma bes dawi’ssi’z sesti an’latadi’ dey woti’ri’p, kestede keltirgen. Bul miynette qaraqalpaq til biliminin’ ha’zirgi rawajlani’w da’rejesi ko’z-qarastan qarag’anda kemshilikler boli’w menen birge, usi’ miynet arqali’ qaraqalpaq tilinin’ seslik wo’zgeshelikleri ani’qlang’an.

N.A.Baskakovti’n’ “Karakalpakskiy yazik” miyneti qaraqalpaq til biliminin’ rawajlani’wi’nda u’lken a’hmiyetke iye. Bul kitapti’n’ fonetika bo’liminde dawi’sli’, dawi’ssi’z sesler ayri’qsha izertlengen. Qaraqalapaq tilinin’

---

[1] Малов. С.Е. Заметки о каракалпакского языка, Нукус, 1986.

[2] Поливанов. Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка, Тошкент, 1993.

[3] Баскаков. Н.А. Каракалпакский язык. II т. Москва, 1952; Краткая грамматика каракалпкаского языка, Турткуль, 1931.

barli’q fonemalari’ni’n’ qurami’ ani’qlani’p klassifikaciya islengen, fonemalarg’a artikulyaciyali’q, akustikali’q si’patlamalar berilgen.

Qaraqalpaq til biliminin’ rawajlani’wi’nda seslik du’zilisinin’ izertleniwinde S.E.Malovti’n’ miynetleri ayri’qsha. Woni’n’ qaraqalpaq tiline arnalg’an “Zametki o karakalpakskogo yazika” miyneti 1966-ji’li’ basi’li’p shi’qqan. Avtor bul miynetinde qaraqalpaq tilinin’ dawi’sli’ dawi’ssi’z fonemalardi’n’ si’patlamalari’ berilgen, yerinlik singarmonizmge toqtag’an, sozi’mli’ dawi’sli’lar ha’m diftonglar ma’selesin bir-birine baylani’sli’ sheshiwge ha’reket yetken.

Wol qaraqalpaq tilinin’ qazaq tilinen basli’ wo’zgesheliklerin ani’qlap qaraqalpaq tilinde [l] sesinen baslanatug’i’n grammatikali’q forma qazaq tilinde [d], [t] seslerinen almasi’wi’nda dep ko’rsetedi. Bul miynet bu’gingi ku’ni de wo’z quni’n joytpag’an da’slepki miynetlerdin’ biri.

Qaraqalpaq tili boyi’nsha izertlewler rus ilimpazlari’ ta’repinen baslang’an bolsa, son’g’i’ ji’llari’ jergilikli tilshi ilimpazlar ta’repinen dawam yettirildi. Sonday miynetlerdin’ biri K.Ubaydullaev miynetleri boli’p tabi’ladi’[1]. Wol qaraqalpaq til bilimine, woni’n’ rawajlani’w joli’na u’les qosqan, qaraqalpaq a’lipbesinin’ du’zilisiwinde, jazi’wi’n jetilistiriwine belsendelik yetken. “Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika” miyneti qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin u’yreniwge qarati’lg’an. Wonda dawi’ssi’zlardi’n’ qurami’ jigirma bes, dawi’sli’ fonemalar tog’i’z birlikten ibarat dep ko’rsetken.

Qaraqalpaq tilindegi u’nli dawi’ssi’zlardi’ “i’zi’n’li’” degen termin menen atag’an. [y], [w] sonorlari’n i’zi’n’li’ dawi’ssi’zlarg’a kiredi degen pikirlerdi keltirgen.

---

[1] Убайдуллаев. К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976.

Ha'zirgi waqi'tta bul dawi'ssi'zlar u'nli yemes sonorlar yekenligi da'liyllengen[1]. Qaraqalpaq tilin izertlewde D.S.Nasi'rovta[2] jemisli miynet yetti. Wol qaraqalpaq tilinin' dialektlik wo'zgesheliklerin izertlew bari'si'nda qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilisine de ken'nen toqtag'an. Woni'n' pikirinshe, uluwma qaraqalpaq a'debiy tilinin' seslik du'zilisi qurami'nda ha'm dialektlerinde tog'i'z dawi'sli' ha'm jigirma yeki dawi'ssi'z bolg'an, v, f, c, j seslerin rus tili ha'm rus tili arqali' wo'zlesken so'zlerde qollani'ladi' dep ko'rsetken. Qaraqalpaq til bilimi, woni'n' bir tarawi' fonetika boyi'nsha ko'p ji'llardan berli miynet yetip kiyati'rg'an tilshi ali'm, akademik A.Da'wletov boli'p tabi'ladi'.

Wol wo'zinin' barli'q ilimiy maqalalari'n, monografiyalari'n fonetikali'q ma'selelerge arnag'an. Qaraqalpaq tili boyi'nsha ha'r qi'yli' seslik du'zilisler, fonetikali'q ni'zamli'qlar, ha'r tu'rli gu'milji pikirler qayta qarasti'ri'li'p u'yrenilip shi'g'i'lg'an. Woni'n' miynetlerinde qaraqalpaq tilinin' dawi'sli', dawi'ssi'z fonemalari'ni'n' qurami' ani'qlani'p, klassifikaciya islengen, barli'q fonemalardi'n' artikulyaciyali'q si'patlamasi' berilgen. "Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika" miyneti bir neshe ma'rte basi'li'p, ilimiy jan'ali'qlari' menen toli'qti'ri'li'p, qayta islenip toli'q tu'rde 1999-ji'li' jari'q ko'rdi. Bul miynette seslik du'zilistin' tyurkologiyada, qaraqalpaq tilinde izertleniwleri, qabatlasqan dawi'ssi'zlar singarmonizminin' izertleniwi ken' tu'rde berilgen.

Ilimpazdi'n' bunnan basqa da bir neshe miynetleri bar. "Vokalizm karakalpakskogo yazika[3]", "Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde singarmonizm[4]" miynetleri ken' ja'miyetshilikke usi'ni'ldi'.

---

[1] Дәўлетов. А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1999.

[2] Насыров. Д.С. Становление каракалпакского обшенародного разговорного языка и его диалектная система, Нукус-Казань, 1976.

[3] Дәўлетов А. Вокализм каракалпакского языка, Самарканд, 1976.

[4] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде сингармонизм, Нөкис, 1993.

A.Da'wletov miynetlerinde qaraqalpaq tilinin' fonemalari'ni'n' qurami' ani'qlani'p, tog'i'z dawi'sli', jigirma u'sh dawi'ssi'z fonema dep belgilenip berildi. [f], [h] dawi'ssi'zlari' arab-parsi' tillerinen kirgen so'zlerde jumsaladi'. [x] juwi'si'n'qi', u'nsiz dawi'ssi'z fonemasi'ni'n' basqa dawi'ssi'zlarg'a qarag'anda fonemali'q qa'siyeti basqasha yekenligi, jabi'si'n'qi' q/k fonemasi'ni'n' [q] juwan ren'ki menen intervokal jag'dayda almasi'p keletug'i'nli'g'i', sonday-aq [h] fonemasi'ni'n' u'nsiz yemes al u'nli yekenligi q, k, g', g sesleri ayri'qsha fonemalar yemes, al q/k, g'/g juwan-jin'ishke ren'kke iye yeki fonemani'n' ren'kleri yekenligi eksperimental usi'lda da'liyllengen[1].

K.Ubaydullaev[2], D.S.Nasi'rov[3] miynetlerinde [y], [w] dawi'ssi'zlari' u'nliler dep ju'ritilgen bolsa, A.Da'wletov[4] bul fonemalardi' sonorlar yari'm dawi'sli'lar yekenligin da'liyllep shi'qqan.

Tu'rkiy tillerdin' basli' fonetikali'q ni'zami' singarmonizm qubi'li'si'na buwi'nni'n' si'pati'na baylani'sli' dawi'sli', dawi'ssi'z fonemalardi'n' to'rt tu'rli ren'kte keliwin ani'qlag'an. Sonday-aq segmentlik ha'm supersegmentlik qubi'li'slari'na toqtap wo'tken.

Til biliminde son'g'i' waqi'tlari' shayi'rlari'mi'zdi'n' do'retpelerinin' tilin izertlew ma'seleleri ken' jolg'a qoyi'lg'an. Sonday miynetlerdin' biri tilshi ilimpaz Sh.A'bdinazimovti'n' miynetleri boli'p tabi'ladi'[5]. Wol XIX a'sir klassik shayi'ri' Berdaq do'retiwshiliginin' tilin izertlewge yerisken. Shayi'r

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995.

[2] Убайдуллаев К. Қарақалпақ тилинде таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976.

[3] Насыров Д.С. Становление каракалпакского обшенародного разговорного языка и его диалектная система, Нукус-Казань, 1976.

[4] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995.

[5] Әбдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили, Тошкент, 2006.

shi’g’armalari’ni’n’ fonetikali’q wo’zgesheliklerin ayri’qsha izertlep, dawi’sli’, dawi’ssi’zlarg’a, fonetikali’q qubi’li’slarg’a toqtag’an.

Qaraqalpaq tili boyi’nsha ilimiy maqalalar, monografiyalar bu’gingi ku’nde tilshi ilimpazlardi’n’ ti’ni’msi’z izlenisleri na’tiyjesinde baspaso’z betlerinde jari’q ko’rip ati’r.

Usi’nday til bilimi ushi’n a’hmiyetli, bahali’ miynetlerdin’ biri M.Qudaybergenovti’n’[1] miynetlerin ayti’p wo’tsek boladi’. Ilimpaz til biliminin’ jas tarawi’ bolg’an morfonologiya boyi’nsha ilimiy izlenisler ali’p barg’an, monografiyasi’nda qaraqalpaq tilinin’ bay materiallari’ tiykari’nda morfonologiya ma’seleleri ken’ tu’rde izertlengen. Qaraqalpaq tilindegi tu’bir ha’m affiks morfemalardi’n’ quri’li’si’ndag’i’ geminat dawi’ssi’zlar ha’m wolardi’n’ ni’zamli’qlari’ ashi’p berilgen.

Morfonema tu’sinigi boyi’nsha ha’r qi’yli’ pikir, talaslardi’ avtor qayta qarasti’ri’p, bul ma’seleni teren’nen u’yrenip mi’sallar tiykari’nda da’liyllep shi’qqan.

Qaraqalpaq ha’m qazaq tilindegi qi’si’q dawi’sli’lardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ ma’selesin qazaq ilimpazi’ professor B.K.Qaliev[2] arnawli’ eksperimental usi’llar menen izertledi ha’m bir neshe miynetler ja’riyaladi’. Wol eksperimental mag’luwmatlar tiykari’nda qaraqalpaq tilinde qi’si’q dawi’sli’lardi’n’ qi’sqari’w ha’m tu’sip qali’wi’na sebepshi bolatug’i’n fonetikali’q faktorlar jo’ninde ken’ mag’luwmat berdi.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’na wo’z u’lesin qosi’p kiyati’rg’an R.S.Beknazarova da kandidatli’q dissertaciya jumi’si’nda eksperimental usi’llar

---

[1] Кудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы, Тошкент, 2006.

[2] Калиев Б.К. Редукция узких гласных звуков в казахском и каракалпакском языках. Автореферат дисс… канд. фил. Наук Алма-Ата, 1967.

ja’rdeminde izertlew ali’p bardi’[1]. Woni’n’ pikirinshe de qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar sistemasi’, K.Ubaydullaevti’n’ jazg’ani’nday-aq jigirma bes fonemadan turadi’. Wolar u’nli-u’nsiz, jabi’si’n’qi’-juwi’si’n’qi’, awi’zli’q-muri’nli’q boli’p fonologiyali’q oppoziciyani’ payda yetedi. Dawi’ssi’zlardi’n’ so’zdin’ yen’ basi’nda jumsali’w jiyiligin yesaplap, avtor mi’naday juwmaqqa keledi. 1) joqari’ jiyliktegiler – b, k, z, q, s; 2) wortasha jiyliktegiler – m, t, d, h; 3) to’men jiyliktegiler – n, g’, p, w, v, x, g, y, l, c, r, f.

Sonday-aq izertlewshi eksperimental mag’luwmatlar tiykari’nda qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlari’na artikulyaciyali’q si’patlama beredi, wolardi’n’ sozi’mli’li’g’i’n ani’qlaydi’ ha’m wori’s, ukrain tillerinin’ sa’ykes keletug’i’n dawi’ssi’zlari’ menen sali’sti’radi’. R.S.Beknazarovani’n’ bul miyneti qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’z fonemalari’n izertlewge bag’i’shlang’an yen’ da’slepki arnawli’ ilimiy miynet retinde de qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’ menen basqa tillerdin’, atap aytqanda wori’s ha’m ukrain tillerinin’ seslik sistemasi’n sali’sti’ra woti’ri’p izertlewge arnalg’an jumi’s retinde de, sonday-aq seslik sistemani’ izertlewde eksperimental usi’ldi’ qollang’an miynet retinde de qunli’ jumi’slardi’n’ qatari’nan wori’n aladi’.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi boyi’nsha tiykarg’i’ joldi’ ko’rsetken N.A.Baskakovti’n’, E.D.Polivanovti’n’, S.E.Malovti’n’ miynetleri da’slepki jumi’slardan yesaplanadi’.

---

[1] Бекназарова Р. С. Консонантизм современного каракалпакского литературного языка. Автореферат дисс… канд. фил. Наук, Киев, 1972.

## b) Fonemalardi’n’ tiykarg’i’ (ma’ni ayi’ri’wshi’) ha’m qosi’msha (ma’ni ayi’rmaytug’i’n) belgileri haqqi’nda tu’sinik

Tu’rkiy tiller soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde de bir qansha ma’seleler izertlendi. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalar jasali’w worni’, dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ni’n’ qatnasi’na qaray bo’lip u’yrenemiz. Til seslerinin’ jasali’wi’ ushi’n hawa ag’i’mi’ ha’m waqi’t birligi kerek. Waqi’t birligi ha’m hawa ag’i’mi’ menen birge dawi’ssi’z seslerdin’ ayti’li’wi’nda so’ylew ag’zalari’ni’n’ bir jerinde tosqi’nli’qti’n’ payda yetiliwi za’ru’r.

Dawi’ssi’zlardi’n’ jasalwi’nda bo’leklene ha’reket yetip tosqi’nli’qti’ payda yetiwshi bir ha’reketshen’ so’ylew ag’zasi’na g’ana ku’sh tu’sip, sol so’ylew ag’zasi’ni’n’ xi’zmeti ayri’qsha boladi’. Da’l tosqi’nli’q payda yetilgen wori’n dawi’ssi’z sestin’ jasali’w worni’ boladi’. Mi’sali’: t ha’m s dawi’ssi’zlari’ jasali’w worni’ jag’i’nan til aldi’ fonemalari’ boli’p sanaladi’. Sebebi, wolardi’ aytqanda tildin’ aldi’n’g’i’ bo’limi menen wortasi’nda tosqi’nli’q payda yetilip tur. Dawi’ssi’z y sesin aytqanda tildin’ wortan’g’i’ bo’limi arasi’nda, k ha’m g seslerin aytqanda tildin’ artqi’ bo’limi menen artqi’ tan’lay arasi’nda tosqi’nli’q payda yetedi. Sonli’qtan y sesi til wortasi’ dawi’ssi’zi’, al k, g sesleri til arti’ dawi’ssi’zlari’ dep ayti’ladi’. Jasali’w worni’ jag’i’nan t, s dawi’si’z seslerinin’ til aldi’, y sesi til wortasi’ boli’p qollani’ladi’. Basqa dawi’ssi’zlarda sol si’yaqli’ hawa tolqi’ni’ ha’r tu’rli tosi’li’p ayti’ladi’.

Dawi’ssi’z seslerdin’ ishinde wori’s tilinen ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden so’zlerdin’ wo’tiwi menen qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar qurami’na v, c, ch fonemalari’ qosi’lg’an[1].

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ dawi’ssi’zlari’ni’n’ qurami’ ha’mmesi boli’p jigirma u’sh fonemadan turadi’. Wolardan tek wori’s tilinen kirgen

---

[1] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык, II т. М., 1952.

so’zlerde g’ana jumsalatug’i’n u’sh dawi’ssi’zdi’ (v, c, ch) ha’m arab, parsi’ tillerinen awi’sqan so’zlerde jumsalatug’i’n yeki dawi’ssi’zdi’ (f, h) ali’p taslasan’, won segiz dawi’ssi’z qaladi’[1].

Solay yetip fonemalardi’n’ tiykarg’i’ ma’ni ayi’ri’wda dawi’ssi’zlardi’ qarama-qarsi’ qoyi’w arqali’ ko’rip shi’qsaq boladi’. Ma’selen, b fonemasi’ u’nli, yerinlik bolsa, p u’nsiz yerinlik dawi’ssi’zg’a qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: saba-sapa, bul-pul, ba’s-pa’s, bol-pol.

Yendi b fonemasi’n t til aldi’ u’nsiz dawi’ssi’zg’a to’mendegishe mi’salda ko’rip shi’g’ami’z. Mi’sali’: bar-tar, ber-ter, bur-tur, bul-tul. B dawi’ssi’zdi’ u’nsiz s fonemasi’na: baw-saw, bay-say, baq-saq.

N sonori’ b dawi’ssi’zdi’ qarama-qarsi’ qoyi’p: bar-nar, baq-naq, bur-nur si’yaqli’ so’zlerde ma’ni ayi’ri’p kelgenin ko’remiz. Bunday ma’ni ayi’ri’wshi’li’q belgilerine iye boli’p, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’n yen’ da’slep ilimde L.V.Sherba ta’repinen ani’qlani’p professor L.R.Zinder ta’repinen rawajlandi’ri’ri’lg’an. U’nli-u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ jubaylasi’p qarama-qarsi’ qoyi’li’p, fonemalardi’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmeti ko’rinedi.

U’nli b fonemasi’ u’nsiz p fonemasi’ menen wori’n almasi’p kelip kvaziomonimlerdi payda yetip ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaradi’. So’zdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda kelgende: bar-par, bil-pil, jaba-japa, qabi’-qapi’, arab-arap, klub-klup ha’m t.b.

B-s fonemalari’ to’mendegishe wori’n almasi’p ma’ni ayi’ri’p keledi: bay-say, bayla-sayla, bali’q-sali’q, jaba-jasa, qabi’q-qasi’q.

B-n fonemalari’ da so’zlerde ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqari’p keledi: baq-naq, bur-nur, taba-tana, toba-tona ha’m t.b.

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1999.

V-f fonemalari’na mi’sal yetip: bagon-fagon. V-j fonemalari’nda so’zlerdin’ ishinde wori’n almasi’p ma’ni ayi’ri’wshi’li’q qa’siyeti ko’rinedi: vaza-jaza ha’m t.b.

Til aldi’ d u’nli fonemasi’n u’nsiz t fonemasi’ menen wori’n almasti’p ma’ni ayi’ri’p keledi: aldi’-alti’ ha’m t.b.

D-n fonemalari’n to’mendegishe mi’sallar ja’rdeminde ko’rip shi’g’ami’z. So’zdin’ basi’nda: dar-nar, da’l-na’l; so’zdin’ wortasi’nda: ada-ana; al so’zdin’ aqi’ri’nda bul fonemalar ma’ni ayi’ri’p qollani’lmaydi’.

D-m fonemalari’ fonologiyali’q ta’repten d – u’nli, m – sonor fonema. So’zdin’ basi’nda: duz-muz; so’zdin’ wortasi’nda: qada-qama ha’m t.b.

D-j fonemalari’ so’zdin’ basi’nda: da’ne-ja’ne, daq-jaq; so’zdin’ wortasi’nda: a’dep-a’jep.

Z fonemasi’ to’mendegishe dawi’ssi’zlar menen wori’n almasi’p kelip ma’ni ayi’ri’p keledi.

Z-s fonemalari’ so’zdin’ basi’nda: zal-sal, zor-sol; so’zdin’ wortasi’nda: aza-asa, taza-tasa, qazi’q-qasi’q; so’zdin’ aqi’ri’nda: ari’z-ari’s, taz-tas, az-as.

Z-p fonemalari’ z – u’nli, p – u’nsiz boli’p so’zlerdin’ basi’nda: zal-pal, zor-por, zil-pil; so’zdin’ wortasi’nda: qazi’-qapi’; so’zdin’ aqi’ri’nda: taz-tap, toz-top ha’m t.b.

Z-n’ fonemalari’ z – til aldi’, n’ – sonor. So’zdin’ basi’nda n’ fonemasi’ qollani’lmaydi’, al aqi’ri’nda: ten’-tez, tan’-taz, az-an’, ez-en’ ha’m t.b. so’zlerde ma’ni ayi’ri’p keledi.

J-w fonemalari’ni’n’ birewi u’nli bolsa, yekinshisi sonor boli’p to’mendegishe ma’ni ayi’ri’p keledi. So’zdin’ basi’nda: jaq-waq, jaz-waq; so’zdin’ wortasi’nda: a’jel-a’wel; so’zdin’ aqi’ri’nda taj-taw ha’m t.b.

U’nsiz fonemalardi’n’ ishinde de ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaratug’i’n fonemalar ushi’rasadi.

P-b fonemalari’ so’zdin’ basi’nda: bul-pul, bar-nar, ba’k-pa’k, ba’r-pa’r; so’zdin’ wortasi’nda: apa-ata ha’m t.b.

P-s fonemalari’ mi’na mi’sallarda ma’ni ayi’ri’p keledi: pal-sal, pa’n-sa’n, par-tar; so’zdin’ wortasi’nda: kepe-kese, apa-asa; so’zdin’ aqi’ri’nda: kep-kes, top-tos, tap-tas.

T-d fonemalari’ bir belgisi jag’i’nan u’nli-u’nsiz boli’p aji’rali’p mi’na so’zlerde qollani’ladi’: tur-dur, tar-dar; so’zdin’ wortasi’nda: ati’r-adi’r ha’m t.b.

T-n fonemalari’nda t – unsiz, n – sonor, mi’sali; taz-naz, tur-nur; so’zdin’ wortasi’ndas : ata-ana, qa’te-qa’ne’; so’din’ aqi’ri’nda: sat-san, so’t-so’n, shi’t-shi’n.

T-h fonemalari’ tek so’zdin’ basi’nda ma’ni ayi’ri’p keledi: tal-hal, taq-haq, tu’r-hu’r.

S-b fonemalari’ da wori’n almasi’p ma’ni ayi’ri’p keledi. Ma’selen: sol-bol, saq-baq, sel-bel, say-bay; so’zdin’ wortasi’nda: tasa-taba, jasa-jaba; so’zdin’ aqi’ri’nda bolsa: tas-tab, tu’s-tu’b, tes-teb.

Sh-j fonemalari’: shar-jar, shi’q-ji’q; so’zdin’ wortasi’nda: geshir-gejir.

## I BAP. Qaraqalpaq tilinde dawi'ssi'zlardi'n' tiykarg'i' (fonologiyali'q) belgileri

Fonetika – til biliminin' bir tarawi' boli'p, tildegi seslerdin' jasali'wi'n, yesitiliwin, seslik qubi'li'slardi' u'yretetug'i'n ilim.

Yeski tu'rkiy jazba estelikleri tilinde 18 dawi'ssi'z fonema[1], Qashg'ariydin' "Devanu-lug'at-it turk" miynetinde 22 dawi'ssi'z fonema[2], XIX a'sirdegi Worta Aziyali'q tu'rkiy a'debiy tili –chagatay tilinde 23 dawi'ssi'z fonema qollani'lg'ani' belgili[3]. Prof. N A Baskakov qaraqalpaq tilinin' konsonantizmi da'slebinde toli'q qa'liplesken 14 dawi'ssi'z fonemadan ibarat bolg'anli'g'i'n ko'rsetedi[4]. Ha'zirgi waqi'tta bizin' a'lipbemizdegi dawi'ssi'zlardi'n' sani' 25 toli'qti'ri'ldi'. Orxon-Enisey jazba yesteliklerinde [j], [w], [f], [x], [h] fonemalari' jumsalmag'an. Al Qashg'ariydin' "Devanu-lug'at-it turk" miynetinde ha'zirgi qaraqalpaq tilinde jumsalatug'i'n arab-parsi' so'zlerinin' qurami'nda kelip kirgen [f] fonemasi' ushraspaydi'.

Seslerge, so'ylew tilinin' seslerine arnalg'an barli'q fonetikali'q a'debiyatlarda til sesleri dawi'sli' ha'm dawi'ssi'zlar boli'p yeki toparg'a bo'lip u'yrenilmekte.

Ha'zirgi ku'nde til seslerinin' jasali'wi'n, yesitiliwin, bo'liniwlerin akademik A.Da'wletov miynetleri tiykari'nda u'yrenilip ha'm woqi'ti'li'p kelmekte[5].

---

[1]. Ergin M. Orhun Abideleri. –Istanbul., Bogazigi yayinlari.1991.-S.150-151.

[2]. Dibanu lugat-it-turk tercumesi. Cebiren Besim Atalay. C.I.II.III.Ankara, Turk tarih kurumu basimevi,1992.

[3]. Eckmann J. Cagatay dili. –Istanbul. 1988. –S.23.

[4]. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. –М., 1952.Т.2.-С.56-57.

[5] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, Нөкис, 1999.

Dawi’sli’, dawi’ssi’z fonemalardi’n’ ayi’rmashi’li’g’i’ dawi’sli’ sesler buwi’n quray ali’w qa’siyetine iye, al dawi’ssi’zlarg’a bul qa’siyet ta’n yemes.

Dawi’ssi’z seslerdi aytqanda wo’kpeden shi’g’i’p kiyati’rg’an hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti ku’shli boladi’, so’ylew ag’zalari’ni’n’ tusi’nda tosqi’nli’qqa ushi’raydi’.

Dawi’sli’ seslerdi aytqanda wo’kpeden shi’g’i’p kiyati’rg’an hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti ku’shsiz wo’lpen’ boladi’.

Solay yetip, tildegi barli’q seslerdi aytqanda adam orgonlari’ bolg’an so’ylew ag’zalari’ni’n’ xi’zmeti ayri’qsha sebebi, so’ylew ag’zalari’ arqali’ ha’r bir fonema jasaladi’, payda boladi’.

Qaraqalpaq tilindegi ha’r bir fonema eksperimental usi’lda baqlawlar wo’tkerilgen, wolardi’n’ qalay jasali’p turg’anli’g’i’ ani’qlang’an[1].

Dawi’ssi’z sesler, lingvistikali’q a’debiyatlarda konstantizm degen atamada ataladi’. Dawi’ssi’z sesler lingvistikali’q a’debiyatlarda jasali’w worni’na, jasali’w usi’li’na, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’na qaray bo’linedi. So’ylew ag’zalari’ soni’n’ ishinde ha’reketshen’ so’ylew ag’zalari’ seslerdin’ jasali’wi’nda tiykarg’i’ xi’zmetti atqarg’anli’qtan dawi’ssi’z sesler ha’reketshen’ so’ylew ag’zalari’ni’n’ ati’ menen ataladi’. Ma’selen, yerinlik, til aldi’, til wortasi’, til arti’, dirildewik. Jasaliw’ usi’li’ jag’i’nan dawi’ssi’zlar jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’, dirildewik boli’p bo’linse, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’ jag’i’nan shawqi’mli’lar ha’m sonorlar boli’p bo’linedi. U’nli ha’m u’nsiz seslerdin’ barli’g’i’ shawqi’mli’lar delinedi.

Biz bul jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z sesler, wolardi’n’ fonologiyali’q (tiykarg’i’) ha’m (tiykarg’i’ yemes) belgileri boyi’nsha so’z

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилилси, Нөкис, 1995.

yetemiz. Wolardi’n’ da’liyli si’pati’nda qaraqalpaq tili so’zleri mi’sali’nda da’liyllep shi’g’i’wg’a ha’reket yetemiz.

Tu’rkiy tillerde soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlar jasali’w worni’, jasali’w usi’li’, dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’ jag’i’nan qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

Solay yetip, fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgileri ju’zege shi’g’adi’. Ha’r bir fonemani’n’ basqalari’nan aji’rali’p turatug’i’n belgileri boladi’. Mi’sali’ b fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri yerinlik, jabi’si’n’qi’, u’nli, awi’zli’q fonema. Usi’nday tiykarg’i’ belgileri arqali’ qaraqalpaq tilinde basqa dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Ma’selen, b u’nli bolsa, u’nsiz p g’a, b yerinlik bolsa, til aldi’ t g’a, b jabi’si’n’qi’ bolsa, juwi’si’n’qi’ s g’a, b awi'zli'q bolsa, muri’nli’q n g’a qarama-qarsi’ qoyi’li’p kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’radi’. (b-p) saba-sapa, bul-pul; (b-t) bar-tar, ber-ter; (b-s) bay-say, baw-saw; (b-n) bar-nar. Fonemalardi’n’ usi’nday tiykarg’i’ ma’ni ayi’ri’wshi’ belgilerine iye boli’p, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’ yen’ da’slep ilimde L.V.Sherba ta’repinen ani’qlani’p, prof L.R.Zinder ta’repinen rawajlandi’ri’lg’an. Wol wo’zinin’ “Obshaya fonetika” miynetinde fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgilerine ken’nen toqtap, rus tili so’zleri mi’sali’nda da’liyllep ko’rsetken[1].

U’nli-u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ jubaylasi’p qarama-qarsi’ qoyi’lip, fonemalardi’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmeti ko’rinedi.

Bunday fonemalardi’n’ arasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’q fonetikali’q ayi’rmashi’li’q boladi’ dep, qazaq ilimpazi’ Axanov, qazaq tilindegi ta’n-da’n, tas-taz, gil-bil so’zlerin qarsi’ qoyi’p sali’sti’r’ganda fonologiyali’q si’patqa iye

[1] Зиндер Л.Р. Обшая фонетика, Москва, 1979.

boladi’ ha’m tildin’ fonetikali’q ta’repi menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenin ko’rsetken[1].

Solay yetip qaraqalpaq tilinde de, dawi’ssi’zlardi’n’ basqalardan aji’ralatug’i’n tiykarg’i’ belgileri bar.

---

1 Аханов К. Т?л б?л?м?н?ң негиздери, Алма-ата, 1981.

## U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ belgileri basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ u’nlilerge de ta’n.

Dawi’ssi’zlar shawqi’m ha’m dawi’sti’n’ qatnasi’na qaray shawqi’mli’lar ha’m sonorlar boli’p bo’linetug’i’n bolsa, shawqi’mli’lar wo’z ishinde u’nli ha’m u’nsiz boli’p bo’linedi.

U’nli dawi’ssi’zlarg’a b, d, z, j, sh, g/g’ dawi’ssi’zlari’ kiredi. U’nlilerdi aytqanda dawi’s payda yetiledi. Tilshi ilimpaz K.Ubaydullaeb miynetinde[1] u’n menen azlap shawqi’mni’n’ qatnasi’nan payda bolg’an, u’ni basi’mi’raq dawi’ssi’zlardi’ u’nli dawi’ssi’zlar dep ko’rsetip, wolarg’a: m, n, n’, r, l, y, w seslerin kirgizgen. Bul fonemalar bolsa A.Da’wletov miynetlerinde sonorlar dep ko’rsetilgen[2]. U’nliler u’nsiz dawi’ssi’zlar menen jubaylasi’p kelip, qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. U’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’zlar barli’g’i’ shawqi’mli’lar delinedi.

U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmetine, tiykarg’i’ fonologiyali’q belgilerine toqtap wo’temiz.

Yeski tu’rkiy tillerde [b] sesi so’z basi’nda ayti’lmag’an. Al, usi’ poziciyada woni’n’ [b] sesi keletug’i’n wori’nlarda tek [p] sesi ayti’lg’an. Mi’sali’, altay, xakas, shor tillerinde per, pasi’q, pa, pa’s so’zleri [p] sesinen baslani’p ayti’lsa, al qaraqalpaq tilinde ber, boli’q, baha, boz boli’p [b] sesinen baslani’p ayti’ladi’.

Yeki dawi’sli’ni’n’ ortasi’nda intervokal poziciyada kelgende dawi’ssi’z [b] sesinin’ ayti’li’wi’nda geypara wo’zgeshelikler bar. Bunday jag’dayda [b] fonemasi’ yerinlik tislik yamasa qos yerinlik juwi’si’n’qi’ ren’kinde ayti’ladi’. Mi’sali’, tabaq, abadan, taba t.b. so’zlerindegi [b] fonemasi’, taza [v] fonemasi’

---

1 Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976.

2 Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили фонетика, Нөкис, 1999.

bolmag'an menen de, sol yekewinin' [b] menen [v] ni'n' arali'g'i'nan ayti'ladi'. Al, geybir tu'slik bati's tillerinde so'z basi'ndag'i' [b] sesi wornina [v] sesi qollani'lg'an. Mi'sali', tu'rk, azerbayjan tillerinde var ─ bar.

Orxon-Enesey jazba yesteliklerinin' tilinde so'z basi'ndag'i' [b] sesinin' [m] sesine sa'ykesligi seziledi: ben ─ men. Hazirgi tilimizdegi bunda ─ munda usag'an so'zler de sol sa'ykesliktin' izi bolsa kerek degen de pikirler bar.

A'yyemgi jazba yestelikler tilinde [b] fonemasi' so'zdin' absolyut son'i'nda da ayti'lg'an: sub, sab, seb ha'm.t.b. Bul poziciyadag'i' [b] ha'zirgi bizin' tilimizdegi so'zlerdin' birewinde tu'sip qalsa, basqa so'zlerde u'nsiz [w] ha'm [p] seslerine aynalg'an. Mi'sali', suw, sap, sep ha'm.t.b.

So'z basi'ndag'i' [b], [p] seslerinin' awi'si'wi' qazaq tilinde de ushrasadi: bolat ─ polat, bitiru ─ itiru, bal ─ pal, beynet ─ peynet. Degen menen qaraqalpaq tilinde ko'p so'zler [b] sesinen baslang'an. Uli'wma tu'rkiy tillerin alip qarasti'rg'anda shi'g'i'stag'i' xakas, shor tilleri menen bati'stag'i' shuvash tilinde so'z basi'nda ko'birek [p] sesin aytadi'.

S.E.Malovti'n' ko'z-qarasi' boyi'nsha joqari'dag'i' tiller ko'birek yeski da'wirdegi belgilerdi saqlap qalg'an. Basqa tillerdegi so'z basi'ndag'i' [p] sesin [b] sesinin' wornina almasti'ri'p ayti'w da, usi'ni'n' bir belgisi bolsa kerek[1].

A.M.Sherbak usi' pikirge su'yene woti'ri'p, tiykarg'i' tu'rkiy tillerde so'zdin' absolyut basi'ndag'i' ayti'lg'an u'nsiz [p] dawi'ssi'z fonemasi' tillerdin' keyingi rawajlani'wi'nda u'nli [b] fonemasina aynalg'an, dep atap ko'rsetedi. A.M.Sherbakti'n' pikirinshe xakas, shuvash, shor tillerinen basqa tu'rkiy tillerde p

1. Малов.С.Е. Памятники древнотюркской письменности, М., Л., 1952, 5-8-с.

dawi'ssi'zi'nan baslang'an so'zler basqa tillerden awi'si'p kelgen dep qaraydi'[1]. Degen menen xakas, shor tillerinde so'z basi'ndag'i' [b] fonemasi'ni'n' usi' poziciyadag'i' [p] fonemasi' menen almasi'wi' Orxon-Enisey jazba yestelikleri tilinen keyin qa'liplesti degen pikir bar[2].

B – u'nli, qos yerinlik, jabi'si'n'qi', awi'zli'q belgileri woni'n' tiykarg'i' fonologiyali'q belgileri boladi'. Usi' belgileri boyi'nsha basqalarg'a qarama-qarsi' qoyi'ladi'. B – u'nli bolsa, u'nsiz p g'a, b – yerinlik bolsa til aldi' t g'a, b – jabi'si'n'qi' bolsa, muri'nli'q n g'a.

B-p fonemalari' u'nli-u'nsizligi menen aji'rali'p turadi'. Al qalg'an belgileri birdey, yekewi de yerinlik, jabi'si'n'qi' awi'zli'q fonema. Bul fonemalar so'zdin' ha'r qi'yli' poziciyalari'nda wori'n almasi'p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetip ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqaradi'. So'zdin' basi'nda: bar-par, bil-pil, bul-pul; so'zdin' wortasi'nda: jaba-japa, qabi'-qapi'; so'zdin' aqi'ri'nda b sesi qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde kelmeydi. U'nsiz p g'a aylani'p ayti'ladi'. Ma'selen, arab-arap, klub-klup ha'm t.b. Bunday jag'dayda ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqarmaydi'.

B-t fonemalari' bir-birinen yeki belgisi arqali' aji'raladi'. B – yerinlik, u'nli bolsa, t – til aldi', u'nsiz. Sonli'qtan yeki oppoziciyali' fonemalar delinedi. Al qalg'an belgileri birdey, yekewi de jabi'si'n'qi', awi'zli'q fonemalar. So'zlerde wori'n almasi'p kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi. So'zdin' basi'nda: bal-tal, bar-tar, bez-tez; so'zdin' wortasi'nda: shabaq-shataq, joba-jota; so'zdin' aqi'ri'nda jumsalmaydi'.

---

[1]. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970.

2. Батманов И.А. Современная древняя Енисейка. М., 1962.

B-s fonemalari’ bir-birinen to’mendegidey belgileri boyi’nsha aji’rali’p turadi’. B – yerinlik, s – til aldi’, b – u’nli, s – u’nsiz, b –yerinlik, jabi’si’n’qi’, s – juwi’sin’qi’ fonema. So’zdin’ basi’nda: bay-say, bayla-sayla, bali’q-sali’q; so’zdin’ wortasi’nda: taba-tasa, jaba-jasa, qabi’q-qasi’q.

B-n fonemalari’ da bir-birinen tiykarg’i’ belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’. B –u’nli, n – sonor, b – yerinlik, n – til aldi’, b – awi’zli’q, n – muri’nli’q. Al usas belgileri yekewide jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: baq-naq, bur-nur; so’zdin’ wortasi’nda: taba-tana, toba-tona ha’m t.b.

V fonemasi’ u’nli yerinlik-tislik, juwi’si’n’qi’ belgilerin wo’z boyi’nda ja’mlegen. Usi’ belgileri v sesinin’ tiykarg’i’ belgileri boladi’. Wol to’mendegidey dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

V-f fonemalari’ u’nli-u’nsizligi menen bir-birinen aji’rali’p turadi’. Ma’selen, vagon-fagon.

V-j fonemalari’ bir belgisi menen aji’rali’p turadi’. V – yerinlik-tislik bolsa, j – til aldi’. Ma’selen, vaza-jaza ha’m t.b.

Til aldi’ d u’nli fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri: til aldi’, jabi’si’n’qi’, u’nli, awi’zli’q. Usi’ belgileri arqali’ basqa dawi’ssi’zlardan aji’rali’p turadi’.

D-t fonemalari’: d – u’nli, t – u’nsiz, al qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q, jabi’si’n’qi’ fonema. So’zdin’ basi’nda: dar-tar, da’n-ta’n; so’zdin’ wortasi’nda: aldi’-alti’; so’zdin’ aqi’ri’nda: a’wlad-awlat, Xalqabad-Xalqabat boli’p u’nli d so’ylewde u’nsizge aylani’p ketip, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqarmaydi’.

D-n fonemalari’: d – u’nli, awi’zli’q bolsa, n – sonor, muri’nli’q fonema. Wolardi’n’ usas belgileri, yekewi de jabi’si’n’qi’, til aldi’. So’zdin’ basi’nda: dar-nar, da’l-na’l; so’zdin’ wortasi’nda: ayda-ayna, ada-ana ha’m t.b. Al so’zdin’ aqi’ri’nda bul fonemalardi’n’ ma’ni ayi’ri’p jumsali’wi’ gezlespeydi.

D-m fonemalari’ bir-birinen u’sh belgisi boyi’nsha aji’raladi’. D – u’nli, til aldi’, awi’zli’q bolsa, m – sonor, yerinlik, muri’nli’q fonema. Al qalg’an belgileri birdey, yekewi de jabi’si’n’qi’ fonemalar. So’zdin’ basi’nda: duz-muz; so’zdin’ wortasi’nda: qada-qama ha’m t.b.

D-j fonemalari’ bir-birinen jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’ belgileri boyi’nsha aji’rali’p tur. Al qalg’an belgileri jag’i’nan yekewi de til aldi’, awi’zli’q. So’zdin’ basi’nda: dur-ju’r, da’ne-ja’ne, daq-jaq; so’zdin’ wortasi’nda: a’dep-a’jep ha’m t.b.

**Til aldi’ z u’nli fonemasi’.** Qaraqalpaq tilinde z sesi wo’zinin’ tiykarg’i’, fonologiyali’q belgilerine iye. Z – til aldi’, u’nli, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. Mi’naday dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

Z-s fonemalari’ tek bir belgisi boyi’nsha aji’raladi’. Z – u’nli, s – u’nsiz. Qalg’an belgileri birdey, yekewi de til aldi’, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonemalar. So’zdin’ basi’nda: zal-sal, zor-sor; so’zdin’ wortasi’nda: aza-asa, taza-tasa, qazi’q-qasi’q; so’z aqi’ri’nda: ari’z-ari’s, taz-tas, az-as.

Z-p fonemalari’ u’sh belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Z – til aldi’, u’nli, juwi’si’n’qi’, p – yerinlik, u’nsiz, jabi’si’n’qi’. Al qalg’an belgisi birdey, yekewi de awi’zli’q. So’zdin’ basi’nda ma’ni ayi’ri’w xi’zmetin to’mendegi mi’sallarda ko’remiz: zal-pal, zor-por, zil-pil; so’zdin’ wortasi’nda: qazi’-qapi’; so’zdin’ aqi’ri’nda: taz-tap, toz-top, jaz-jap ha’m t.b.

Z-n’ fonemalari’ bir-birinen to’rt belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Soni’n’ ushi’nda ko’p oppoziciyali’ fonemalar delinedi. Z –til aldi’, u’nli, awi’zli’q, juwi’si’n’qi’ bolsa, n’ – kishkene tillik, sonor, muri’nli’q, jabi’si’n’qi’ belgilerine iye boli’p, usi’ tiykarg’i’ belgileri arqali’ ma’ni ayi’ri’p keledi. N’ fonemasi’ so’zdin’ basi’nda qaraqalpaq tilinde jumsalmaydi’. So’zdin’ aqi’ri’nda: tez-ten’, taz-tan’, az-an’, yez-yen’ ha’m t.b. so’zlerde keledi.

**Til aldi’ j fonemasi’.** U’nli j sesi de basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ fonologiyali’q, tiykarg’i’ belgilerine iye ha’m basqalarg’a qarama-qarsi’ qoyi’li’p, so’zlerde ma’ni ayi’ri’p keledi. J – fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ belgileri: til aldi’, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q boli’p keliwi.

J-w fonemalari’ bir-birinen yeki belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. J – u’nli, til aldi’ bolsa, w – sonor, yerinlik. Al qalg’an belgileri birdey, yekewi de juwi’si’n’qi’, awi’zli’q. So’zlerde ma’ni ayi’ri’w qa’siyetleri so’zdin’ basi’nda: jaq-waq, jaz-waz; so’zdin’ wortasi’nda: a’jel-a’wel; so’zdin’ aqi’ri’nda: taj-taw.

J-b fonemalari’ yeki belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. J – til aldi’, juwi’si’n’qi’, al qalg’an belgileri boyi’nsha birdey, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. So’zdin’ basi’nda: jas-bas, jol-bol, jaqsi’-baqsi’ ha’m t.b.

J-n fonemalari’ u’sh belgisi boyi’nsha aji’raladi’. Sol ushi’n da ko’p oppoziciyali’ fonemalar delinedi. J – u’nli, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q, n – sonor, jabi’si’n’qi’, muri’nli’q. Al qalg’an belgileri boyi’nsha birdey, til aldi’ boli’p keledi. Mi’naday so’zlerde wori’n almasi’p kelip, ma’ni ayi’radi’. Ma’selen, jaz-naz, jay-nay, jan-nan; so’zdin’ wortasi’nda: ajar (bet-a’lpet ma’nisinde)-anar, go’je-go’ne. So’zdin’ aqi’ri’nda keliw jag’daylari’ gezlespeydi.

J-m fonemalari’ ko’p oppoziciyali’ fonemalar boli’p, bir-birinen to’rt belgisi boyi’nsha aji’raladi’. J – til aldi’, u’nli, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q bolsa, m – yerinlik, sonor, jabi’si’n’qi’, muri’nli’q belgilerine iye. So’zlerde wori’n almasi’p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetedi. Ma’selen, jal-mal, jol-mol, jaba-maba, jut-mut ha’m t.b.

**Til arti’ g sesi’.** G sesinin’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri to’mendegishe: u’nli, til arti’, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q boli’p keliwi.

G-k fonemalari’ tek bir belgisi menen aji’rali’p turadi’. G – u’nli, k – u’nsiz qalg’an belgileri birdey, yekewi de jabi’si’n’qi’, awi’zli’q, til arti’. Ma’selen, gu’l-ku’l, go’r-ko’r ha’m t.b.

G-t fonemalari’ da bir belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Wol bir oppoziciyali’ fonemalar qatari’na kiredi. G – til arti’, t – til aldi’, qalg’an belgisi, yekewi de jabi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. Ma’selen, ga’p-ta’p, gu’r-tu’r, gez-tez so’zlerinde wori’n almasi’p kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi.

G-m fonemalari’ ko’p oppoziciyali’ fonemalar. G – til arti’, u’nli, awi’zli’q, m – yerinlik, sonor, muri’nli’q, al qalg’an belgisi birdey, yekewi de jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: ga’p-ma’p, ga’-ma’; so’zdin’ wortasi’nda: segiz-semiz, ilgek-ilmek.

G-s fonemalari’ da ko’p oppoziciyali’ fonemalar. G – til arti’, u’nli, jabi’si’n’qi’ bolsa, s – til aldi’, u’nsiz juwi’si’n’qi’, al qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q fonemalar. Ma’selen, gu’z-su’z, gu’r-su’r.

**Kishkene tillik g’ sesi.** G’ fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri: u’nli, kishkene tillik, juwi’si’n’qi’. Usi’ belgileri arqali’ mi’naday dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

G’-q fonemalari’ yeki belgisi menen aji’raladi’. G’ – u’nli, q – u’nsiz, g’ – juwi’si’n’qi’, q – jabi’si’n’qi’, yekewi de kishkene tillik boli’wi’, wolardi’n’ usas belgileri. Mi’naday so’zlerde wori’n almasi’p kelip ma’ni ayi’radi’: g’az-qaz, g’oy-qoy, g’am-qam.

G’-s fonemalari’ bir-birinen yeki belgisi boyi’nsha aji’raladi’. Sol sebepli, yeki oppoziciyali’ fonemalar boli’p yesaplanadi’. G’ – u’nli, s – u’nsiz, g’ – kishkene tillik, s – til aldi’, al usas belgileri yekewi de, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q. Ma’selen: g’az-saz, g’ur-sur, g’ay-say, g’abi’r-sabi’r; so’zdin’ wortasi’nda: jag’a-jasa, tag’a-tasa; so’zdin’ aqi’ri’nda: bag’-bas so’zlerinde keledi.

G’-t fonemalari’ bir-birinen u’sh belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. G’ – kishkene tillik, u’nli, juwi’si’n’qi’ bolsa, t – til aldi’, u’nsiz, jabi’si’n’qi’. Qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q fonemalar. Bul fonemalar mi’naday so’zlerde

kelip kvaziomonimlerdi payda yetedi. Ma’selen, g’az-taz, g’am-tam, g’aq-taq ha’m t.b. Al so’zdin’ wortasi’nda: ag’a-ata.

Mine biz joqari’da g’ fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgilerine toqtap wo’ttik ha’m qaraqalpaq tilinin’ mi’sallari’ tiykari’nda da’liyllep beriwge ha’reket yettik.

Qaraqalpaq tilinde u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ basqa dawi’ssi’zlardan (u’nsiz ha’m sonorlardan) aji’rali’p turatug’i’n tiykarg’i’ belgilerin (usas, birdey belgilerine de) fonema retinde qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’n, jubaylasi’p keliwin, so’zlerde wori’n almasi’p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetetug’i’nli’g’i’n, jumi’si’mi’zdi’n’ usi’ I babi’nda ashi’p beriwge ha’reket yettik.

## U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri

Qaraqalpaq tilinde shawqi’mli’ dawi’ssi’zlar u’nli ha’m u’nsiz boli’p bo’liniw da’stu’rge aylani’p, buri’nnan solay qa’liplesken.

U’nli dawi’ssi’zlar ha’m wolardi’n’ u’nsizler menen jubaylasi’p keliwin, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q qa’siyetlerin, fonologiyali’q belgilerin joqari’da, aldi’n’g’i’ bo’limde ayti’p wo’ttik.

Usi’ bo’limde u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ fonologiyali’q, tiykarg’i’ belgileri haqqi’nda so’z yetemiz.

U’nsiz dawi’ssi’zlardi’ aytqanda shawqi’m basi’m keledi. Belgili bir fonemalardi’n’ u’nli, u’nsiz boli’p usi’ belgisi boyi’nsha qarama-qarsi’ qoyi’li’p jubaylasli’qti’ du’ziw so’zlerde kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’ri’p keledi.

U’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’ K.Ubaydullaev miynetinde i’zi’n’si’z fonemalar dep u’n qatnaspay tek shawqi’mnan payda bolatug’i’nli’g’i’n ayti’p, wolarg’a: k, q, p, t, s, f, sh, c, x dawi’ssi’zlardi’ kirgizgen. Ilimpazdi’n’ pikirin keltirip wo’tsek: “Awi’zg’a qoldi’n’ si’rti’n qoyi’p shawqi’mli’lardi’ aytqanda hawa pa’tsiz shi’qsa, i’zi’n’li’, al hawa pa’tli shi’qsa i’zi’n’si’z dawi’ssi’zlar payda boladi’” – dep ko’rsetken[1].

Qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’z fonemalari’ u’nli ha’m u’nsizlik belgileri boyi’nsha, so’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlari’nda ani’q qoyi’ladi’. Ma’selen, bar-par, zar-sar, jaba-japa ha’m t.b.

U’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’n’ bunday belgileri ayi’ri’m waqi’tlari’ ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’ yeskertilgen.

---

[1] Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976.

Ma'selen, gerbish-kerbish, gelle-kelle tag'i' basqa so'zlerde qabatlasa bir ma'nide jumsala bermeytug'i'nli'g'i' fonetikali'q a'debiyatlarda keltirilgen[1].

Dawi'ssi'zlardi'n' u'nli-u'nsizligi boyi'nsha bunday fonemali'q qa'siyet atqarmawi' barli'q dawi'ssi'zlarg'a ta'n yemes. Sebebi, dawi'ssi'zlardi'n' u'nli, u'nsiz boli'p jubaylasi'p ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmet atqaradi'. Ma'selen, joq-shoq, da'n-ta'n ha'm t.b.

Qaraqalpaq tilinde barli'q dawi'ssi'z sesler, soni'n' ishinde u'nsiz fonemalar da ayri'qsha fonema retinde ma'ni ayi'ri'wg'a qatnasadi', wo'zlerinin' tiykarg'i' belgilerine iye.

Qaraqalpaq tilindegi u'nsiz fonemalardi'n' tiykarg'i' belgilerine toqtap wo'temiz.

**Yerinlik p fonemasi'.** P fonemasi' qaraqalpaq tilindegi basqa dawi'ssi'zlarg'a tiykarg'i' belgileri boyi'nsha qarama-qarsi' qoyi'ladi' ha'm wolardan sol belgileri menen aji'rali'p turadi'. Bul dawi'ssi'zdi'n' ma'ni ayi'ri'wshi' belgileri to'mendegishe: u'nsiz, jabi'si'n'qi', qos yerinlik, awi'zli'q boli'p keliwi woni'n' tiykarg'i', ma'ni ayi'ri'wshi' belgileri.

P-b fonemalari' tek bir belgisi menen aji'rali'p turadi'. P – u'nsiz bolsa, b – u'nli. Al qalg'an belgileri birdey, yekewi de jabi'si'n'qi' awi'zli'q boli'p keliwi. Wolar mi'naday so'zlerde: bul-pul, bar-par, ba'k-pa'k ha'm t.b. So'zdin' wortasi'nda: jaba-japa ha'm t.b.

P-t fonemalari': p – yerinlik, t – til aldi', qalg'an belgileri birdey: par-tar, paz-taz, pa'n-ta'n ha'm t.b. So'zdin' wortasi'nda: apa-ata ha'm t.b. So'z aqi'ri'nda sap-sat, jup-jut ha'm t.b.

P-s fonemalari' p – yerinlik, s – til aldi', p – jabi'si'n'qi', s – juwi'si'n'qi'. Qalg'an belgileri birdey, yekewi de u'nsiz, awi'zli'q. Ma'selen, pal-sal, pa'n-sa'n,

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995.

por-tor; so’zdin’ wortasi’nda: kepe-kese, apa-asa; so’zdin’ aqi’ri’nda: kep-kes, top-tos, tap-tas.

**Til aldi’ t dawi’ssi’z fonemasi’.** Bul fonemani’n’ tiykarg’i’ belgileri: u’nsiz, til aldi’, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. Wol mi’naday dawi’ssi’zlardan ma’ni ayi’ri’wshi’li’q belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’. Bul fonema to’mendegidey dawi’ssi’zlarg’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

T-d fonemalari’ bir belgisi jag’i’nan aji’raladi’. T – u’nsiz, d – u’nli. Qalg’an belgileri birdey, yekewi de til aldi’, jabi’si’n’qi’. So’zdin’ basi’nda: tur-dur, tar-dar ha’m t.b; so’zdin’ wortasi’nda: ati’r-adi’r; so’zdin’ aqi’ri’nda d u’nsiz t g’a aylani’p ketedi.

T-q fonemalari’ bir belgisi menen aji’raladi’, t – til aldi’, q – kishkene tillik. Al qalg’an belgileri jag’i’nan birdey, yekewi de u’nsiz, jabi’si’n’qi’ awi’zli’q fonemalar. Bul fonemalar so’zdin’ basi’nda kelip ma’ni ayi’ri’wshi’ qa’siyetke iye boladi’. Ma’selen, taq-qaq, tur-qur, taz-qaz ha’m t.b; so’zdin’ aqi’ri’nda bolsa, sat-saq, jat-jaq, sol si’yaqli’ so’zlerde keledi.

T-n fonemalari’ bir-birinen yeki belgisi menen aji’rali’p turadi’. T – u’nsiz, awi’zli’q bolsa, n – sonor, muri’nli’q belgilerine iye. Wolardi’n’ usas belgileri, yekewi de jabi’si’n’qi’, til aldi’. So’zdin’ ha’r qi’yli’ wori’nlari’nda kelip ma’ni ayi’ri’wshi’li’q qa’siyetke iye boladi’. Ma’selen, taz-naz, tur-nur; so’zdin’ wortasi’nda: ata-ana, qa’te-qa’ne; so’zdin’ aqi’ri’nda: sat-san, so’t-so’n, shi’t-shi’n ha’m t.b.

T-h fonemalari’: T – til aldi’, jabi’si’n’qi’ bolsa, h – ko’mekey, juwi’si’n’qi’ fonema. Qalg’an belgileri birdey, yekewi de u’nsiz, awi’zliq’ fonema. Bul fonemalardi’n’ jubaylasi’p qarama-qarsi’ qoyi’li’p mi’naday so’zlerde kelip ma’ni ayi’radi’. Ma’selen, tal-hal, taq-haq, tur-hur so’zlerinde so’zdin’ basi’nda keletug’i’nli’g’i’n ko’remiz.

**Til aldi' s – u'nsiz fonemasi'.** S – sesinin' tiykarg'i' belgileri: til aldi', juwi'si'n'qi', u'nsiz, awi'zli'q boli'p tabi'ladi'. Wol qaraqalpaq tilinde basqa dawi'ssi'zlarg'a to'mendegidey jag'dayda qarama-qarsi' qoyi'ladi'.

S-b fonemalari' bir-birinen u'sh belgisi menen aji'rali'p keledi. S – u'nsiz, juwi'si'n'qi', til aldi', b – u'nli, jabi'si'n'qi', yerinlik fonema. Qalg'an belgileri birdey, yekewi de awi'zli'q fonemalar. Ma'selen, sol-bol, saq-baq, sel-bel, say-bay ha'm t.b.

S-z fonemalari' da tilimizde jiyi jumsali'p wo'z aldi'na kvaziomonimlerdi payda yetip keledi. So'zdin' wortasi'nda: tosa-toza, asa-aza, jasa-jaza; so'zdin' aqi'ri'nda bolsa, tas-taz, dus-duz, as-az ha'm t.b. so'zlerde kelip ma'ni ayi'ri'wg'a qatnasadi'.

S-t fonemalari' bir-birinen jabi'si'n'qi', juwi'si'n'qi' belgileri arqali' aji'rali'p turadi'. Basqa barli'q belgileri birdey, yekewi de til aldi', u'nsiz, awi'zli'q fonema. Ma'selen, sat-tat, soz-toz, saz-taz, soq-toq so'zlerinde kelip; asa-ata so'zlerinde so'zdin' wortasi'nda; tas-tat, bas-bat, qus-qut ha'm t.b. so'zlerde so'zdin' aqi'ri'nda keledi. U'nsiz s fonemasi'ni'n' b, m, z, t dawi'ssi'zlari'nan aji'ralatug'i'n belgilerin, qarama-qarsi' qoyi'li'wi'n, solay yetip so'zlerde ma'ni ayi'ratug'i'nli'g'i'n keltirip wo'ttik.

**Til aldi' sh u'nsiz fonemasi'.** Sh sesi ayri'qsha fonema retinde wo'zinen basqa dawi'ssi'zlarg'a ma'ni ayi'ri'wshi' belgileri: til aldi', juwi'si'n'qi', u'nsiz, awi'zli'q boli'p keliwi, woni'n' tiykarg'i' belgisi boladi'.

Sh-j fonemalari' u'nli-u'nsizligi boyi'nsha aji'rali'p turadi'. Al qalg'an belgileri birdey: til aldi', juwi'si'n'qi', awi'zli'q. So'zdin' basi'nda: shar-jar, shi'q-ji'q; so'zdin' wortasi'nda bolsa: geshir-gejir so'zlerinde kelip ma'ni ayi'ri'wg'a qatnasadi'. J – sesi qaraqalpaq tilinde so'zdin' aqi'ri'nda ushi'raspaydi'.

Sh-b fonemalari’ ko’p oppoziciyali’ fonemalar qatari’na kiredi. Sh – til aldi’, juwi’si’n’qi’, u’nsiz, b – yerinlik, jabi’si’n’qi’, u’nli fonema. So’zdin’ basi’nda: sho’l-bo’l, shel-bel; so’zdin’ wortasi’nda: arsha-arba ha’m t.b.

Sh-d fonemalari’: Sh – u’nsiz juwi’si’n’qi’, d – u’nli, jabi’si’n’qi’ fonema. Al qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q. Bul fonemalar kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’radi’. Ma’selen, shi’q-di’q, shar-dar, ada-asha ha’m t.b.

Sh-m fonemalari’ bir-birinen bir qansha belgileri jag’i’nan aji’rali’p turadi’. Sh – til aldi’, u’nsiz, awi’zli’q, juwi’si’n’qi’, m – sonor, yerinlik, muri’nli’q, jabi’si’n’qi’ fonema. So’zdin’ basi’nda: shay-may, shal-mal; so’zdin’ wortasi’nda: keshe-keme; so’z aqi’ri’nda: ko’sh-ko’m boli’p keliwi wolardi’n’ ayri’qsha fonema yekeliginen Derek beredi. Solay yetip sh sesi b, m, d fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’li’p, so’zlerde ma’ni ayi’ri’wg’a qatnasadi’.

**Til arti’ k sesi.** K sesinin’ ma’ni ayi’ri’wshi’ tiykarg’i’ belgileri: til arti’, jabi’si’n’qi’, u’nsiz, awi’zli’q. Wol fonema retinde u’nli g, juwi’si’n’qi’ s, yerinlik b, muri’nli’q n fonemalari’na qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

K-g fonemalari’ tek bir belgisi menen aji’rali’p turadi’. K – u’nsiz bolsa, g u’nli, qalg’an belgileri birdey, yekewi de awi’zli’q, jabi’si’n’qi’, til arti’ fonemalari’. Ma’selen, ku’l-gu’l, ko’sh-go’sh so’zlerinde kelip ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqaradi’.

K-z fonemalari’ k – u’nsiz, jabi’si’n’qi’, til arti’, z – u’nli, juwi’si’n’qi’, til aldi’. Usas belgileri, yekewi de awi’zli’q. Ma’selen, ko’k-ko’z, ju’k-ju’z, tek-tez.

K-n fonemalari’ ko’p oppoziciyali’ fonemalar. K – til arti’, u’nsiz, awi’zli’q, n – til aldi’, sonor, muri’nli’q, yekewi de jabi’si’n’qi’. Ma’selen, a’ke-a’ne ha’m t.b.

K-b fonemalari’ bir-birinen to’mendegishe tiykarg’i’ belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’ ha’m qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. K – u’nsiz, b – u’nli, k – til arti’, b – yerinlik. Al qalg’an belgileri jag’i’nan birdey, yekewi de awi’zli’q, jabi’si’n’qi’

fonemalar. Ma’selen, ko’l-bo’l, kel-bel, kir-bir so’zlerinde so’zdin’ basi’nda kelip ma’ni ayi’radi’.

**Kishkene tillik, u’nsiz q sesi.** Q sesinin’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri: kishkene tillik, jabi’si’n’qi’, u’nsiz, awi’zli’q belgileri boli’p tabi’ladi’.

Q-n fonemalari’ u’sh belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’. Q – kishkene tillik, u’nsiz, awi’zli’q, n – til aldi’, sonor, muri’nli’q. Qalg’an belgisi birdey, yekewi de jabi’si’n’qi’. Ma’selen, qar-nar, qaz-naz, soqa-sona, qaq-qan, toq-ton ha’m t.b.

Q-m fonemalari’ bir-birinen bir qansha belgileri arqali’ aji’rali’p turadi’. Q – kishkene tillik, u’nsiz, awi’zli’q bolsa, m – yerinlik, sonor, muri’nli’q. Ma’selen, qal-mal, juqa-juma, taq-tam, di’q-di’m ha’m t.b.

Q-l fonemalari’ u’sh belgisi boyi’nsha aji’rali’p turadi’ ha’m fonema retinde qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Q – kishkene tillik, u’nsiz, jabi’si’n’qi’ bolsa, l – til aldi’, juwi’si’n’qi’, sonor.

## Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ (fonologiyali’q) belgileri

Ha’zirgi waqi’tta qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlar, soni’n’ ishinde sonorlar belgili wori’ndi’ iyeleydi.

Qaraqalpaq tilinin’ fonetikasi’na, dialektologiyasi’na baylani’sli’ miynetlerde sonorlardi’n’ qurami’ ha’zirgiden wo’zgeshe berilgen.

K.Ubaydullaeb[1], D.S.Nasi’rov[2] miynetlerinde y, w sonorlari’n u’nli dawi’ssi’zlar qatari’na kirgizgen.

Sonorlar da’slepki waqi’tlari’ dawi’sli’lar, yari’m dawi’sli’lar dept e ju’rgizilgen. Sebebi, wolardi’n’ artikulyaciyali’q, akustikali’q si’patlamalari’ dawi’sli’larg’a ju’da’ jaqi’n keledi. Akademik A.Da’wletov[3] bir neshe ji’llar dawami’nda qaraqalpaq tilinin’ fonetikasi’ boyi’nsha ali’p barg’an ilimiy izlenislerinin’ juwmag’i’nda y, w dawi’ssi’zlari’n sonorlar yekenligin tasti’yqlag’an. Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq tilinde m, n, n’, r, l, y, w fonemalari’ sonor dawi’ssi’zlari’na kirgizilip ju’r.

A.Da’wletov miynetinde sonor dawi’ssi’zlardi’n’ artikulyaciyali’q, akustikali’q wo’zgeshelikleri, singarmonizmlik ren’kleri, y, w fonemalari’ni’n’ diftong jasawdag’i’ xi’zmeti ma’selelerin u’yrengen.

---

[1] Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлер, Нөкис, 1976.

[2] Насыров Д.С. Снатовление каракалпакского обшенародного разгаворного языка и его диалектная ситема. Нукус-Казань, 1976.

[3] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995.

Ha'r bir sonordi'n' wo'z aldi'na fonema yekenligin da'liyllew ushi'n so'zlerdin' ha'r qi'yli' poziciyalari'nda kele woti'ri'p kvaziomonimlerdi payda yetip ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmetin atqaratug'i'nli'g'i'n ko'rip shi'g'ami'z.

**M sonori' – qos yerinlik, dawi'ssi'z fonema.** Bul fonemani'n' basqa dawi'ssi'zlardan aji'rali'p turatug'i'n ma'ni ayi'ri'wshi' tiykarg'i' belgileri: yerinlik, sonor, jabi'si'n'qi', muri'nli'q fonema. So'zdin' basi'nda n, l, b, d, g, h tag'i' basqa dawi'ssi'zlar menen wori'n almasi'p kelip ma'ni ayi'radi'. Ma'selen, may-nay, mal-hal-pal-bal-sal; so'zdin' wortasi'nda: jamal-sawal, qami'r-qayi'r; so'zdin' aqi'ri'nda: kem-kep, jem-jel ha'm t.b. so'zlerde keledi.

**N – sonori', til aldi' dawi'ssi'z fonema.** Woni'n' tiykarg'i' belgileri: til aldi', jabi'si'n'qi', sonor, muri'nli'q. usi' belgileri boyi'nsha wo'zinen basqada dawi'ssi'zlardan aji'rali'p turadi'. M, p, k, b, t, q dawi'ssi'zlarg'a tiykarg'i' belgileri boyi'nsha qarama-qarsi' qoyi'ladi'.

N-m fonemalari', n – til aldi', m – yerinlik, al qalg'an belgileri birdey, yekewi de jabi'si'n'qi', sonor, muri'nli'q fonema. Ma'selen, mala-nala, may-nay, da'm-da'n, da'me-da'ne ha'm t.b.

N-p fonemalari': n – sonor, muri'nli'q, p – u'nsiz, awi'zli'q, yerinlik. Qalg'an belgisi birdey, yekewi de jabi'si'n'qi' fonema. Ma'selen, na'r-pa'r, sana-sapa, san-sap, jan-jap ha'm t.b.

N-k fonemalari': n – til aldi', k –til arti', n – sonor, k – u'nsiz, n – muri'nli'q, k – awi'zli'q. Qalg'an belgisi, yekewi de jabi'si'n'qi'. Ma'selen, so'n-so'k, ja'ne-ja'ke, na'l-ka'l.

**Kishkene tillik n' sonori'.** Bul fonemani'n' fonologiyali'q belgileri: kishkene tillik, sonor, jabi'si'n'qi', muri'nli'q belgilerine iye. Usi' belgileri boyi'nsha basqa dawi'ssi'zlardan aji'rali'p turadi'. Ma'selen, ta'n'ir-ta'wir, sin'ir-simir, jan'a-jaba; so'zdin' aqi'ri'nda: ken'-kek, tan'-taq-tar, shan'-shad-shal ha'm t.b.

**Til aldi’ l sonori’.** L fonemasi’ni’n’ tiykarg’i’ belgileri: til aldi’, sonor, qaptal juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. Usi’ belgileri boyi’nsha basqalardan aji’rali’p turadi’. So’zlerde wori’n almasi’p kelip kvaziomonimlerdi payda yetip, ma’ni ayi’ri’w qa’siyetine iye boladi’. So’zdin’ basi’nda: lal-mal, lal-qal, lal-hal, lala-bala-mala-jala; so’zdin’ wortasi’nda: ala-ana-ata-apa ha’m t.b.

**Qos yerinlik w sonori’.** W sonori’ni’n’ tiykarg’i’ fonologiyali’q belgileri: qos yerinlik, sonor, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. So’zdin’ basi’nda: waq-baq-naq, way-bay; so’zdin’ wortasi’nda: jawli’q-sawli’q, awa-apa; so’zdin’ aqi’ri’nda: jew-jel, ji’y-ti’y, taw-tar, haw-baw-baq ha’m t.b. so’zlerde basqa dawi’ssi’zlar menen wori’n almasi’p kvaziomonimlerdi payda yetip ma’ni ayi’radi’.

**Til aldi’ r sonori’.** Qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda jumsalmaydi’. Ayi’ri’m si’rttan wo’zlestirilgen so’zlerdin’ qurami’nda jumsalg’ani’ menen i, i’ protezali’q dawi’sli’lar qosi’li’p ayti’ladi’. So’zdin’ wortasi’nda r sonori’ barli’q dawi’ssi’zlar menen wori’n almasi’p ma’ni ayi’radi’. Ma’selen, sari’-sali’, qara-qala, taraq-talaq-tabaq; so’zdin’ aqi’ri’nda: shapar-shapan, jar-jaq, tor-ton ha’m t.b.

**Dawi’ssi’z y sonori’.** Qaraqalpaq tilinde tiykari’nan so’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda qollani’ladi’. Y – sesinin’ tiykarg’i’, fonologiyali’q belgileri: til wortasi’, sonor, juwi’si’n’qi’, awi’zli’q fonema. Wol basqa dawi’ssi’zlar menen wori’n almasi’p kelip kvaziomonimlerdi payda yetip ma’ni ayi’radi’. Ma’selen, qabi’q-qayi’q-qazi’q; so’zdin’ aqi’ri’nda: toy-ton, jay-jaq-jaw, ay-az-ar. Sonorlardi’n’ bunday ma’ni ayi’ri’w qa’siyetlerine iye yekenin wo’z aldi’na fonemalar si’pati’nda jumsali’w wo’zgesheliklerin ko’rsetedi.

## II BAP. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ qosi’msha (fonetikali’q) belgileri

### Dawi’ssi’zlardi’n’ qon’si’las seslerdin’ ta’sirine qaray qosi’msha (fonetikali’q) belgileri

Fonemalar, dawi’ssi’z fonemalar, tiykarg’i’ (fonologiyali’q belgilerden) fonetikali’q (qosi’msha) belgilerdin’ ji’ynag’i’nan ibarat. Jumi’si’mi’zdi’n’ I babi’nda qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgileri jo’ninde so’z yetken bolsaq, usi’ II babi’nda qosi’msha belgileri haqqi’nda toqtap wo’temiz.

Fonema ha’r tu’rli fonetikali’q jag’daylarda ushi’rasadi’. Usi’nday fonetikali’q sebepler fonemani’n’ ha’r tu’rli ayti’li’wi’na ta’sir yetedi ha’m sonnan fonemani’n’ ren’kleri kelip shi’g’adi’.

Fonetikali’q a’debiyatlarda fonemani’n’ ren’klerin yekige bo’lip u’yreniw qabi’l yetilgen. Usi’ bapta singarmonizmge baylani’sli’ dawi’ssi’zlardi’n’ kombinatorli’q ha’m poziciyali’q ren’klerin so’z yetemiz.

Qarqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ singarmonizmlik ren’klerine toqtamastan aldi’n, tiykarg’i’ fonetikali’q ni’zam haqqi’nda qi’sqasha toqtap wo’temiz.

Singarmonizm qaraqalpaq tili fonetikasi’ni’n’ tiykarg’i’ ni’zami’ boli’p, bul haqqi’nda ilimpazlari’mi’zdi’n’ azli’-ko’pli pikirlerin miynetlerinde, ko’z-qaraslari’n keltirip wo’tken.

Singarmonizm tu’rkiy tilleri ushi’n g’ana ta’n qubi’li’s boli’p, Radlovti’n’, Kyazimovti’n’, Bogorodskiydin’, Sherbakti’n’, Baskakovti’n’ miynetlerinde so’z yetiledi. Bul miynetlerde singarmonizm qubi’li’si’ bir ta’repleme, u’stirtin g’ana ayti’lg’an.

Singarmonizm degennen yeki yamasa ko’p buwi’nli’ so’zlerdegi dawi’sli’lardi’n’ tan’lay ha’m yerin u’nlesligin tu’sinip kelgen bolsa, dawi’ssi’zlar u’nlesligin assimilaciya dep atag’an.

Usi’nday qa’liplesken da’stu’rli princip akademik A.Da’wletov ta’repinen qayta qarasti’ri’li’p, singarmoniznin’ xi’zmeti ha’m ta’biyati’na teren’irek u’n’ilip woni’n’ mazmuni’n’ ashi’p bergen. Singarmonizm uluwma ken’ tu’sinik boli’p tabi’ladi’. Wol bir buwi’nli’ so’zlerde de, ko’p buwi’nli’ so’zlerde de bolatug’i’n so’zlerdin’ ma’nilerin ayi’ri’wg’a xi’zmet yetetug’i’n tutas so’zdin’ tulg’asi’n qa’liplestiretug’i’n rus tilinde pa’t qanday xi’zmet atqarsa, tu’rkiy tillerde de sonday xi’zmet atqaratug’i’n fonetikali’q qubi’li’s yekenligi da’liyllengen.

Qaraqalpaq tilinde buwi’n qurami’ndag’i’ dawi’ssi’zdi’n’ dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na qaray u’nlesip, qatan’ tu’rde to’rt tu’rli ren’kte, yag’ni’y juwan yeziwlik ha’m jin’ishke yeziwlik, juwan yerinlik ha’m jin’ishke yerinlik ren’klerde keliwi singarmonizmnin’ bir ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. Bul jag’daydi’ tariyxi’y da’wirler dawami’nda tu’rkiy tillerde u’stemlik yetken fonologiyali’q quri’li’sqa tiyisli bolg’an fonetikali’q qubi’li’s si’pati’nda baqlaw mu’mkin. Professor N.A.Baskakovti’n’ tu’rkiy tillerde tu’bir so’zlerdin’ yen’ yeski tu’ri da’slebinde dawi’ssi’z+dawi’sli’+dawi’ssi’z (BAB) tu’rindegi so’zler bolg’anli’g’i’n aytqan.

Ha’r bir fonemani’n’ ren’klerin birinin’ worni’na birin ayti’w mu’mkin yemes. Yag’ni’y, so’zdegi dawi’sli’ ses g’ana juwan yeziwlik ya jin’ishke yeziwlik boli’p qoymastan soni’n’ menen qon’si’las dawi’ssi’zlarda dawi’sli’ni’n’

i’n’g’ayi’na berilip (BAB) tu’rindegi buwi’nnan quralg’an tu’bir ayri’qsha fonema (segment) si’yaqli’ boli’p basqa tu’bir so’z buwi’n qarama-qarsi’ qoyi’ladi’.

Solay yetip, buwi’n qurami’ndag’i’ dawi’ssi’zlar dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na berilip u’nlesip wo’zlerinin’ tu’rin wo’zgertedi. Prof. L.R.Zinder belgili bir fonetikali’q jag’daysi’z fonemani’n’ ren’ki bolmaytug’i’nli’g’i’n al, birdey fonetikali’q jag’dayda bir fonemani’n’ yeki tu’rli ren’ki minnetli tu’rde fonetikali’q jag’dayda ushi’rasatug’i’nli’g’i’n tillik materiallarg’a tiykarlang’an halda da’liyllegen[1].

Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z fonemalardi’n’ ren’kleri singarmonizm ni’zami’na tikkeley baylani’sli’. Wo’ytkeni dawi’ssi’zlardi’n’ ha’r bir ren’ki dawi’sli’ni’n’ si’pati’na qaray do’reydi ha’m bul qatan’ turaqli’qqa iye. Kombinatorli’q ren’kler – qon’si’las fonemalardi’n’ bir-birine tiygizgen ta’siri na’tiyjesinde boladi’.

Juwan dawi’sli’larg’a qon’si’las boli’p kelgen dawi’ssi’z juwan, jin’ishke dawi’sli’larg’a qon’si’las boli’p kelgen dawi’ssi’z jin’ishke, juwan yerinlik bolsa, sog’an sa’ykes juwan yerinlik, jin’ishke yerinlik bolsa, sa’ykes jin’ishke yerinlik boli’p ayti’ladi’. Bunday dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na dawi’ssi’zdi’n’ beyimlesiwi qaraqalpaq tilinde qatan’ saqlanadi’. Usi’nnan dawi’ssi’z fonemalardi’n’ singarmonizmlik kombinatorli’q ren’kleri kelip shi’g’adi’. Ma’selen, qal so’zinde a dawi’sli’ fonema juwan yeziwlik ren’kte kelgen. Dawi’sli’ ses buwi’n qurawshi’ qa’siyetke iye bolg’anli’qtan qon’si’las kelgen dawi’ssi’z dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na ko’nip woti’radi’. A sesinin’ juwan yeziwlik boli’p keliwi dawi’ssi’z q ha’m l seslerinin’ juwan yeziwlik boli’p keliwin ta’miyinlep tur.

Q sesin q/k u’nsiz juwan-jin’ishke ren’kke iye bolg’an bir fonemani’n’ bir si’n’ari’ dep akad A.Da’wletov pikirine su’yenetug’i’n bolsaq, q – kishkene tillik

---

[1] Зиндер Л.Р. Обшая фонетика, Москва, 1979.

dawi’ssi’z tek juwan dawi’sli’lar menen keledi. K – jin’ishke ren’ki tek jin’ishke dawi’sli’lar menen keledi dep yesaplasaq wonda: qal – juwan yeziwlik, kel – jin’ishke yeziwlik, qol – juwan yerinlik, ko’l – jin’ishke yerinlik ren’klerde keletug’i’ni’n ko’riwge boladi’.

Singarmonizm qubi’li’si’na sa’ykeslenip fonemalardi’n’ qanday dawi’sli’ menen dawi’ssi’zdi’n’ qaysi’ ren’ki keletug’i’nli’g’i’ aldi’n-ala ma’lim boli’p turadi’. Sebebi so’ylew ag’zalari’ bir sesti ayti’p bolmastan, yekinshi ses ha’reketi tezlik penen baslani’p, so’ylew processinde so’zlerdi dara-dara seslerge aji’rata almaymi’z.

Solay yetip dawi’ssi’zlardi’n’ kombinatorli’q (qon’si’las) singarmonizmlik ren’klerin ko’riwge boladi’.

**Dawi'ssi'z seslerdin' so'zlerdin' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda keliwine baylani'sli' qosi'msha (fonetikali'q) belgileri**

Fonema ha'r tu'rli fonetikali'q jag'daylarda ushi'rasi'p, sonnan fonemani'n' ren'kleri kelip shi'g'adi'.

Fonetikali'q sebeplerge baylani'sli' bunday ren'kler kombinatorli'q ha'm poziciyali'q boli'p bo'linedi. Usi' bo'limde fonemani'n' ha'r qi'yli' wori'nlarda (anlaut, inlaut, auslaut) keliwine toqtap wo'temiz.

Bir fonemani'n' so'zdin' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda keliwine baylani'sli' buwi'nni'n' si'pati'na, pa'tke baylani'sli' belgili da'rejede tu'rlishe ayti'li'wi' poziciyali'q ren'kleri boladi'.

Singarmonizm qubi'li'si'na baylani'sli' dawi'ssi'z fonemani'n' so'zdin' ha'r qi'yli' wori'nlari'nda ayti'li'w wo'zgeshelikleri, jumsali'wi', buwi'ndag'i' ya'ki so'zdegi dawi'sli'g'a baylani'sli' bir fonema ha'r tu'rli ren'kte keledi. Sol si'yaqli', qaraqalpaq tilindegi dawi'ssi'zlar so'zdin'ha'r tu'rli poziciyalari'nda kelip, juwan yerinlik, jin'ishke yerinlik ren'klerde ayti'ladi'. Dawi'ssi'zlardi'n' poziciyali'q ren'klerin ko'rip shi'g'ami'z.

**Yerinlik b fonemasi'.** Artikulyaciyali'q jaqtan yeki yerinnin' wo'z ara jabi'si'wi', keyin birden aji'rali'wi' na'tiyjesinde payda yetiledi. Juwan dawi'sli'lar menen kelgende juwan ren'ki ayti'ladi', jin'ishke dawi'sli'lar menen kelgende jin'ishke ren'ki ayti'ladi'.

U'nli dawi'ssi'z fonema qaraqalpaq tilinde tiykari'nan so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsaladi'. Bul fonemani'n' so'zlerde jumsali'w

wo’zgesheliklerin so’zdin’ ha’r tu’rli wori’nlari’nda keliw jag’daylari’n ko’rip shi’g’ami’z.

So’zdin’ bai’nda: bar, bali’q – juwan yeziwlik;

b´er´, b´il´ik´˚ – jin’ishke yeziwlik;

b?ol?, b?ol?i’s? – juwan yerinlik;

b´˚o’l´˚, b´˚o’l´˚e – jin’sihke yerinlik.

Al so’zdin’ wortasi’nda: arba – juwan yeziwlik;

iy´b´e – jin’ishke yeziwlik;

t?ob?i’q? – juwan yerinlik;

k´˚o’b´˚ik´˚ – jin’ishke yerinlik.

Singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ birinshi buwi’ndag’i’ yerinlik dawi’sli’, keyingi buwi’nda yerinliklestiredi. Aqi’rg’i’ poziciyada b sesi u’nsiz p g’a aylani’p ketedi. Arab – juwan yeziwlik, klub – juwan yerinlik.

**U’nsiz p fonemasi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan yeki yerinnin’ wo’z ara jabi’si’wi’, keyin aji’rasi’p ketiwinen payda boladi’. So’zdin’ barli’q wori’nlari’nda keledi.

So’zdin’ basi’nda: pal, pali’z – juwan yeziwlik;

p´a’r´, p´ik´ir´ – jin’ishke yeziwlik;

p?ol?, p?olat – juwan yerinlik;

p´˚o’p´˚ek´ – jin’ishke yerinlik.

Bul mi’sallarda p sesinin’ anlaut poziciyada keliw jag’daylari’n ko’rip shi’qti’q.

So’zdin’ wortasi’nda: shapan – juwan yeziwlik;

k´ep´ek´ – jin’ishke yeziwlik;

t?op?p?i’ – juwan yerinlik;

k´˚o’p´˚ir´˚ – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda: jap, shalap – juwan yeziwlik;

j´ip´, k´el´ep´ – jin’ishke yeziwlik;

t?op?, q?ul?p? – juwan yerinlik;

k´°o’p´° – jin’ishke yerinlik.

Qaraqalpaq tilinde so’zdin’ aqi’ri’nda usi’nday so’zlerde keledi.

**Dawi’ssi’z d fonemasi’.** Wol til aldi’, u’nli fonema boli’p, artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ aldi’n’g’i’ bo’liminin’ tan’laydi’n’ aldi’n’g’i’ bo’limine ko’teriliwi, jabi’si’wi’ arqali’ jasaladi’. Bul fonema affikal dawi’ssi’z delinedi. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’kte keledi.

So’zdin’ basi’nda: dar, dala – juwan yeziwlik;

d´iz´, d´en´e – jin’ishke yeziwlik;

d?os?, d?uw?a – juwan yerinlik;

d´°u’r´°, d´°u’s´°ir´° – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ wortasi’nda: qada, gedey, ju’da’ so’zlerinde to’rt tu’rli ren’kte kelgen.

**U’nsiz t fonemasi’.** So’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’. Bul fonemani’n’ artikulyaciyasi’ d fonemasi’ si’yaqli’ boli’p til ushi’ni’n’ joqarg’i’ tislerge tiyiwi arqali’ jasaladi’. T fonemasi’ tek shawqi’mnan jasaladi’. Bul fonemada dawi’sli’lardi’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’kte keledi.

So’zdin’ basi’nda: tar, taza – juwan yeziwlik;

t´er´, t´il´ik´ – jin’ishke yeziwlik;

t?or?, t?uq?i’m? – juwan yerinlik;

t´°o’r´°, t´°u’r´°l´°i – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ wortasi’nda: atlas – juwan yeziwlik;

j´et´im´ – jin’ishke yeziwlik;

j?ut?i’m? – juwan yerinlik;

k´°u’t´°im´° – jin’ishke yeziwlik retinde kelgen bolsa,

so’zdin’ aqi’ri’nda: tat, t?ut?, k´°u’t´°, j´et´ so’zlerinde to’rt tu’rli ren’klerde kelgen.

**U’nli z dawi’ssi’z fonema.** Qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q poziciyalari’nda keledi. Artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ aldi’n’g’i’ bo’limi woni’n’ yeki qaptali’ tan’laydi’n’ aldi’n’g’i’ bo’limine tiyiwi arqali’ jasaladi’. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’kte keledi. So’zdin’ basi’nda: zal, z´er´, z°or° so’zlerinde u’sh tu’rli ren’kte keledi. Z sesinin’ baslang’an bir buwi’nli’ so’zlerde qaraqalpaq tilinde jin’ishke o’, u’ dawi’sli’lari’ menen kelgendegi jin’ishke yerinlik ren’ki ushi’raspaydi’.

So’zdin’ wortasi’nda: taza – juwan yeziwlik;

d´iz´e – jin’ishke yeziwlik;

d?uz?sh?i’ – juwan yerinlik;

g´°u’z´°e – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda: az, y´ez´, d°uz°, g´°u’z´° so’zlerinde to’rt tu’rli ren’kte keledi.

**U’nsiz s dawi’ssi’z fonemasi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ aldi’n’g’i’ bo’limi joqari’g’a qaray ko’teriliwinen til ushi’ni’n’ to’mengi tislerge tireliwinen dorsal dawi’ssi’zlar jasaladi’. S sesi de buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’klerde keletug’i’nli’g’i’n ko’remiz.

So’zdin’ basi’nda: sat, s´a’t´, s°oz°, s´°o’z´° bir buwi’nli’ so’zlerde kelse, sali’, s´a’d´ep´, s°or°aw, s´°u’r´°iw´° so’zlerinde de so’zdin’ basi’nda keledi.

So’zdin’ wortasi’nda: asi’q – juwan yeziwlik; k´es´e – jin’ishke yeziwlik; t?us?aw – juwan yerinlik; t´°o’s´°lik´° – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda: bas, b´es´, t´°u’s´°, t´es´, ti’s so’zlerinde keledi.

**Dawi’ssi’z j fonemasi’.** Wol til aldi’, u’nli boli’p artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ aldi’n’g’i’ bo’limi joqari’g’a qaray ko’terilip, azg’ana qayi’ri’li’wi’ na’tiyjesinde payda boladi’. Til ushi’ni’n’ qatti’ tan’layg’a ko’teriliwi arqali’

jasalg’anli’qtan bul fonema kakuminal dawi’ssi’z delinedi. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’klerde keledi.

So’zdin’ basi’nda: jap, jama – juwan yeziwlik;

j΄a’n΄e, j΄ip΄ – jin’ishke yeziwlik;

j?ol?, j?or?g’a – juwan yerinlik;

j΄°u’r΄°, j΄°u’r΄°d΄°ek΄° – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ wortasi’nda: ajar – juwan yeziwlik;

a’j΄el΄ – jin’sihke yeziwlik;

w?ol?fa – juwan yerinlik;

w΄°o’j΄°et΄° – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda j fonemasi’ni’n’ jumsali’wi’ gezlespeydi. taj – juwan yeziwlik, g΄°u’j΄° – jin’ishke yerinlik.

**Dawi’ssi’z sh fonemasi’.** Wol til aldi’ juwi’si’n’qi’, u’nsiz fonema. Artikulyaciyali’q jaqtan j sesine jaqi’n. Dawi’sqa qarag’anda shawqi’m basi’m keledi. Singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ to’rt tu’rli ren’kte keledi. So’zdin’ basi’nda: shar, sh΄el΄, sh°or°, sh΄°o’l΄°; so’zdin’ wortasi’nda: ashi’q, u°sh°i’q°, ish΄k΄i, k΄°o’sh΄°k΄°i; so’zdin’ aqi’ri’nda: shash, h΄esh΄, u’sh΄°, k΄°o’sh΄°.

Dawi’ssi’z g’/g, q/k fonemalari’ kishkene tillik, til arti’ fonemalari’. Artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ artqi’ bo’limine kishkene tildin’ jaqi’nlasi’wi’ ya jabi’si’wi’nan g’/q sesleri jasaladi’. Al g/k jin’ishke ren’kin aytqanda tildin’ artqi’ bo’limi jumsaq tan’layg’a jabi’si’wi’, tildin’ aldi’n’g’i’ bo’limi tu’sin’ki halda boladi’. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray so’zdin’ basi’nda:

g’?ur?/g΄°u’r΄° – juwan, jin’ishke yerinlik;

g’i’r/g΄ir΄ – juwan, jin’ishke yeziwlik;

q΄a’r΄/k΄a’r΄– juwan,jin’ishke yeziwlik;

q?or?/k΄°o’r΄° – juwan, jin’sihke yerinlik.

So’zdin’ wortasi’nda: ag’ash, y´eg´er´, t?og’?ay, k´°o’g´°er´ so’zlerinde keledi. Bul dawi’ssi’zlar ko’rip turg’ani’mi’zday g’/q dawi’ssi’zlari’ menen a, u, i’, o, g/k dawi’ssi’zlari’ menen a’, u’, i, o’, e jin’sihke dawi’sli’lari’ kelgen.

V-f yerinlik-tislik dawi’ssi’zlari’ artikulyaciyali’q jaqtan asti’n’g’i’ yerin menen u’stin’gi tisler arasi’ndag’i’ san’laq qaldi’ri’li’wi’ arqali’ jumsaq tan’lay ko’terin’ki halda turi’p, muri’n joli’ni’n’ jabi’si’wi’ menen jasaladi’. Qaraqalpaq tilinin’ tu’pkilikli so’zlerinde jumsalmaydi’. A.Da’wletov miynetinde[1] vino, vagon, Volga so’zlerin keltirip wo’tken. Qaraqalpaq tilinde basqa dai’ssi’zlar si’yaqli’ sonorlar da singarmonizmge muwapi’q to’rt tu’rli ren’kte, so’zdin’ ha’r tu’rli wori’nlari’nda keledi.

Sonorlardi’n’ poziciyali’q ren’klerin ko’rip shi’g’ami’z.

**Sonor m dawi’ssi’zi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan yeki yerinnin’ bir-birine jabi’si’wi’, muri’n joli’ni’n’ ashi’li’wi’ na’tiyjesinde jasaladi’. So’zdin’ basi’nda: mal, m´en´, m°un’°, m´°o’r´° so’zlerinde to’rt tu’rli ren’kte kelgen. So’zdin’ wortasi’nda: aman, um?i’t?, y´em´ish´, u’m´°it´°; so’zdin’ aqi’ri’nda: tam, k´em´, j?um?, k´°o’m´° so’zlerinde kelgenligin ko’riwige boladi’.

**Sonor n dawi’ssi’zi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ aldi’n’g’i’ bo’liminin’ tan’laydi’n’ aldi’n’g’i’ bo’limine jabi’si’wi’, til ushi’ni’n’ u’stin’gi tislerge tiyiwi arqali’, muri’n joli’ni’n’ ashi’li’wi’ arqali’ jasaladi’. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’kte keledi. Qaraqalpaq tilinde so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda keledi. So’zdin’ basi’nda: nala, n´a’l´, n°us°qaw, n´°o’s´°er´° so’zlerinde kelip tur.

So’zdin’ wortasi’nda: qanat – juwan yeziwlik;

j´a’n´j´el´ – jin’sihke yeziwlik;

s?on?a – juwan yerinlik;

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси, Нөкис, 1995.

w´°o’n´°er´° – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda: jan, jali’n – juwan yeziwlik;

t´a’n´, j´el´in´ – jin’sihke yeziwlik;

t?on?, j?ul?i’n? – juwan yerinlik;

t´°u’n´°, b´°o’r´°en´° – jin’ishke yerinlik.

**Kishkene tillik, sonor n’ dawi’ssi’zi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan kishkene tillik til tu’sin’ki halda tildin’ artqi’ bo’limine tirelip, awi’z joli’n jawi’p, muri’n joli’ ashi’q qaladi’. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray dawi’ssi’zlar menen dizbeklesiw jag’dayi’nda juwan dawi’sli’lar kelse, juwan ren’ki, jin’ishke dawi’sli’lar menen kelse, jin’ishke ren’ki ayti’ladi’. Qaraqalpaq tilinde n’ fonemasi’nan baslanatug’i’n so’z ushi’raspaydi’.

So’zdin’ wortasi’nda: an’i’z – juwan yeziwlik;

j´en’´il´ – jin’ishke yeziwlik;

q?on’?i’r? – juwan yerinlik;

sh´°u’n’´°g´°il´° –jin’ishke yerinlik ren’klerde keledi.

So’ylewde ilgerli ta’sirge ushi’raytug’i’n azang’i’-azan’g’i’, Turg’angu’l-Turg’an’gu’l ha’m t.b. so’zlerde morfonemalar shegarasi’ndag’i’ son’g’i’ sestin’ aldi’n’g’i’si’na ta’siri na’tiyjesinde n fonemasi’ n’ fonemasi’na aylani’p ketedi. So’zdin’ aqi’ri’nda tan’, t´en’´, t°on’°, g´°u’n’´° so’zlerinde to’rt tu’rli ren’kte kelgen.

**Qaraqalpaq tilindegi sonor dawi’ssi’zlardi’n’ biri r til aldi’ fonemasi’.** Artikulyaciyali’q jaqtan tildin’ ushi’ dirildi payda yetiw arqali’ jasaladi’. So’zdin’ basi’nda qi’si’q dawi’sli’lar qosi’li’p protezali’q qubi’li’s payda boli’p ayti’ladi’. So’zdin’ inlaut ha’m auslaut poziciyalari’nda kelip ha’r tu’rli ren’klerde jumsaladi’. So’zdin’ wortasi’nda: arza – juwan yeziwlik;

y´er´ik´ – jin’ishke yeziwlik;

t?or?aq? – juwan yerinlik;

k´˚o’r´˚u’k´˚ – jin’ishke yerinlik.

So’zdin’ aqi’ri’nda tar, t´er´, t˚or˚, t´˚o’r´˚ so’zlerinde kelgenligin ko’remiz.

**Sonor y dawi’ssi’zi’.** Qaraqalpaq tilindegi birden-bir til wortasi’ fonemasi’. Artikulyaciyali’q jaqtan y sesin aytqanda tildin’ wortang’i’ bo’limi qatti’ tan’laydi’n’ tusi’na ko’terilip tildin’ yeki ta’repi awi’z tislerdin’ tu’plerine tiyiwi arqali’ jasaladi’. Akustikali’q jaqtan dawi’s basi’mi’raq keledi. Y sonori’ singarmonizmge muwapi’q yeki tu’rli ren’kte keledi. Jin’ishke fonema bolg’anli’qtan juwan ren’ki bolmaydi’.

So’zdin’ basi’nda: yar – yeziwlik buwi’nda, y?osh? – yerinlik buwi’nda jumsalg’an.

So’zdin’ wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda to’rt tu’rli ren’kte kelgen.

aysha – juwan yeziwlik;

k´iy´im´ – jin’ishke yeziwlik;

b?oy?r?a – juwan yerinlik;

j´˚u’y´˚r´˚ik´˚ – jin’ishke yerinlik ren’kte ayti’ladi’.

Al so’zdin’ aqi’ri’nda: jay, sh´iy´, t˚oy˚, k´˚u’y´˚ so’zlerinde to’rt tu’rli ren’kte keledi. Y sesi so’zdin’ basi’nda yeki tu’rli ren’kte, wortasi’nda, aqi’ri’nda to’rt tu’rli ren’kte keletug’i’nli’g’i’n ko’riwge boladi’.

**Sonor w dawi’ssi’zi’.** Qos yerinlik, juwi’si’n’qi’ boli’p artikulyaciyali’q jaqtan yeki yerinnin’ aldi’g’a qaray u’yriliwi, solay yetip, do’n’gelek san’laq payda yetiliwi, jusaq tan’laydi’n’ ko’terin’ki halda boli’wi’, muri’n joli’n jawi’p turi’wi’ arqali’ jasaladi’. W sonori’ mudami’ yerinlik ren’kte ayti’ladi’. Yag’ni’y bul qa’siyet, yeziwlik dawi’sli’lar menen kelse de saqlani’p qaladi’. W sonori’ yeki ren’kte jumsaladi’. Juwan dawi’sli’lar menen kelgende juwan ren’kte, jin’ishke menen kelgebde jin’ishke ren’kte ayti’ladi’. Yeziwlik ren’kleri bolmaydi’. Wa’j – jin’ishke ren’ki, waz – juwan ren’ki.

**Til aldi’ l sonori’.** Wol qaptal juwi’si’n’qi’ boli’p, bul sesti aytqanda to’mengi jaq biraz tu’sin’ki boli’p, yerinler biraz bosan’lasqan halda wortadan san’laq qaldi’ri’w arqali’ ha’m tildin’ ushi’ menen aldi’n’g’i’ bo’limi u’stin’gi tislerdin’ tu’bine tiyiwi na’tiyjesinde yeki qaptaldan san’laq payda yetiliwi arqali’ jasaladi’. Buwi’nni’n’ si’pati’na qaray to’rt tu’rli ren’kte keledi. Akustikali’q jaqtan shawqi’mg’a qarag’anda dawi’s basi’mi’raq keledi. Sonor l sesi de to’rt tu’rli ren’kte keledi. So’zdin’ basi’nda siyrek jumsaladi’: lal – juwan yeziwlik; l′ek′in′ – jin’ishke yeziwlik; l?om? – juwan yerinlik. So’zdin’ wortasi’nda: ali’m, a’l′em′, b˚ol˚i’s˚, k′˚o’l′˚ik′˚ so’zlerinde kelgen. So’zdin’ aqi’ri’nda: tal – juwan yeziwlik, sh′el′ – jin’ishke yeziwlik, j?ol? – juwan yerinlik, k′˚u’l′˚ – jin’ishke yerinlik ren’klerde kelgenin ko’riwimizge boladi’.

Solay yetip, dawi’ssi’z fonemalardi’n’ singarmonizm ni’zami’na muwapi’q so’zdin’ ha’r tu’rli wori’nlari’nda to’rt tu’rli ren’kte, poziciyali’q ren’klerde keletug’i’nli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ boldi’q.

## Juwmaq

Fonetika tarawi'nda u'yreniletug'i'n sesler, til sesleri, yen' kishkene til birligi boli'p, wolar jeke turg'anda ma'ni bildirmegeni menen, basqa til birliklerinin' jasali'wi'nda tiykarg'i' xi'zmet yetedi. Wolar: morfema, so'z, so'z dizbegi, ga'pler.

Ses tilde fonema tu'sinigi menen de an'lati'li'p qatar qollani'la beredi. Fonema tu'sinigi wo'zinin' da'slepki payda boli'wi'nda ses tu'sinigine qarama-qarsi' qoyi'li'wdan kelip shi'qqan. Fonema menen ses mudami' sa'ykes kele bermeydi. Sebebi fonema ha'mme waqi't bir sesten turmay geyde ayti'li'wi' jag'i'nan jaqi'n bolg'an yeki sesten, ha'tte u'sh sesten de qurali'wi' mu'mkin. Kerisinshe, yeki fonema bir pu'tin seske usap ta ayti'li'wi' mu'mkin.

Degen menen, fonema ha'm ses tu'sinikleri wo'z ara ti'g'i'z baylani'sli'. Tilde sesler arqali' g'ana fonemalar wo'mir su'redi. Fonema wo'z boyi'na fonologiyali'q (tiykarg'i') fonetikali'q (qosi'msha) belgilerdi ja'mlegen.

Biz bul jumi'si'mi'zda fonemalardi'n', soni'n' ishinde dawi'ssi'zlardi'n' tiykarg'i' ha'm qosi'msha belgilerin u'yrenip shi'qti'q ha'm to'mendegidey juwmaqlarg'a keldik.

1. Tilde ha'r bir fonema basqa fonemalarda qanday da bir belgileri boyi'nsha aji'rali'p turadi' ha'm sol belgileri boyi'nsha fonema si'pati'nda qarama-qarsi' qoyi'ladi'. Na'tiyjede, qarsi' qoyi'li'p jubaylasi'p kelip, kvaziomonimlerdi payda yetedi. Sol arqali' ma'ni ayi'ri'wshi'li'q xi'zmeti

ko’rinedi. Ma’selen, b – u’nli, qos yerinlik, jabi’si’n’qi’, awi’zli’q boli’p keliwi woni’n’ ma’ni ayi’ri’wshi’ tiykarg’i’ belgileri boli’p tabi’ladi’.

2. Dawi’ssi’zlardi’n’ fonologiyali’q tiykarg’i’, ma’ni ayi’ri’wshi’ belgileri u’nli, u’nsiz, sonor dawi’ssi’zlarg’a ta’n.

a) U’nli dawi’ssi’zlar qaraqalpaq tilinde b, v, d, z, g’/g fonemalari’ boli’p, bulardi’n’ bir-birinen ayi’ri’li’p turatug’i’n belgileri boladi’. U’nli dawi’ssi’zlar sonorlar menen u’nsizlerge qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. B – u’nli bolsa, u’nsiz p g’a, d – u’nli bolsa, u’nsiz t g’a, b – yerinlik bolsa, muri’nli’q – m g’a qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Ma’selen, bar-par, dar-tar.

b) U’nsiz dawi’ssi’zlar shawqi’mnan jasaladi’. U’nli-u’nsiz boli’p qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’ turaqli’ yemes. Ayi’ri’m jag’daylarda ma’ni ayi’ri’wshi’li’q xi’zmet atqarmaydi’.

c) Sonor dawi’ssi’zlarda basqa dawi’ssi’zlar si’yaqli’ so’zlerde fonemalar menen wori’n almasi’p, ma’ni ayi’ri’wshi’li’q qa’siyetke iye boladi’. Ha’r bir sonor dawi’ssi’zdi’n’ fonologiyali’q belgilerine iye boli’wi’, wolardi’n’ ayri’qsha fonema yekeninen derek beredi. M sonori’ni’n’ tiykarg’i’ belgisi: qos yerinlik, sonor, jabi’si’n’qi’, muri’nli’q belgileri.

3. Tildegi fonemalar tek tiykarg’i’ belgilerdin’ ji’ynag’i’nan g’ana turmay, fonetikali’q qosi’msha belgilerden de turadi’. Fonemalardi’n’ tiykarg’i’ belgileri wolardi’n’ fonologiyali’q ta’repi bolsa, qosi’msha belgisi, fonetikali’q ta’repi boladi’. Yekewi bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sqa iye.

Fonetikali’q jag’daylardan fonemalar ha’r tu’rli ayti’ladi’. Ha’r qi’yli’ qosi’msha belgilerdin’ ta’siri fonemani’n’ ayti’li’wi’na ta’sir yetedi. Usi’nnan fonemni’n’ ren’kleri kelip shi’g’adi’.

Dawi’ssi’z sesler haqqi’nda aytatug’i’n bolsaq, b sesi bar, b´er´, b˚ol˚, b´˚o’l´˚ so’zlerinde to’rt tu’rli ren’klerde ayti’lg’an. Bunday boli’p keliwi singarmonizm ni’zami’na muwapi’q qatan’ turaqli’li’qqa iye.

4. Fonetikali’q (qosi’msha) jag’daydan kelip shi’qqan fonemani’n’ ren’kleri kombinatorli’q ha’m poziciyali’q boli’p bo’linedi.

Qaraqalpaq tilinde juwan dawi’sli’larg’a qon’si’las boli’p kelgen dawi’ssi’z juwan, jin’ishke dawi’li’larg’a qon’si’las boli’p kelgen dawi’ssi’z jin’ishke, yerinlik dawi’sli’ menen kelse, sa’ykes jin’ishke yerinlik, juwan yerinlik dawi’sli’ menen kelse, juwan yerinlik ren’kte keliwi fonemani’n’ (qosi’msha) kombinatorli’q ren’kleri delinedi.

Jumi’si’mi’zdi’n’ bul ko’terilgen teoriyani’ mi’sallar menen da’liyllep keltirdik. So’zdin’ basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda keliwine, buwi’nni’n’ si’pati’na, bir fonemani’n’ tu’rlishe ayti’li’wi’ poziciyali’q ren’kleri delinedi. Solay yetip jumi’si’mizda dawi’ssi’zlardi’n’ tiykarg’i’ ha’m qosi’msha belgilerin ko’rip shi’qti’q. Wolardi’n’ qon’si’las seslerdin’ ta’sirine qaray ha’m poziciyali’q ren’klerine toqtadi’q.

Sonday-aq bir fonemani’n’ buwi’nni’n’ si’pati’na qaray so’zdin’ ha’r bir worni’nda u’sh tu’rli ren’kte keliwi jetkiliksiz yekenligin, basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda to’rt tu’rli ren’klerde keletug’i’nli’g’i’n mi’sallar menen da’liyllep shi’qti’q.

# PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR


## I. Siyasiy a'debiyatlar

1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш. Ташкент, 2008.

## II. Monografiya, sabaqli'qlar, toplamlar ha'm ko'p tomli'q kitaplar

2. Айғабилов А. Қазақ тилиниң морфологиясы. Алма-Ата,1995.
3. Аралбаев Ж. Фонетическая система современного каракалпакского языка. АКД. Алма-Ата, 1949.
4. Аралбаев Ж. Вокализм казахского языка. Алма-Ата, 1970.
5. Аханов К. Тил билиминиң негиздери. Алма-Ата, 1973.
6. Ахундов А. Система фонетика современного азербайжанского языка. Баку, 1964.
7. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. Ташкент, 2006.
8. Баскаков Н.А. Краткая грамматика каракалпакского языка. Турткуль, 1931.
9. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Фонетика. часть II. Москва,1952.
10. Батманов И.А. Современная древняя Енисейка. Москва, 1962.
11. Богородицкий В.А. Введение в татарское языкознание. Казань, 1953.

12. Бекназарова Р.С. Консонантизм современного каракалпакского литературного языке. /экспериментально-фонетическое исследовании/. Киев,1972.
13. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили (Дәулетов пенен бирликте). Нөкис, 1979.
14. Гулямов А.Г. Провлемы исторического слово-образования в узбекском языке. Рукопись докторской диссертации. Ташкент,1958.
15. Даулетов А. Вокализм каракалпакского языке. Самарканд,1976.
16. Даулетов А. О стечении согласных звуков в каракалпакском языке. Советская тюркология, 1981.
17. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингормонизм. Нөкис, 1993.
18. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис, 1995.
19. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999.
20. Дәўлетов М, Дәўенов Е. Қарақалпақ тилинин имла сөзлиги. Нөкис, 1997.
21. Дмитриев Н.К. Двойные согласные в тюркских языках. –ИСГТЯ. I фонетика. Москва, 1955.
22. Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Москва, 1979.
23. Кеңесбаев С. Мусабаев ғ. Ҳәзирги қазақ тили. Алма-Ата, 1975.
24. Калиев В. О редукции гласных звуков в каракалпакском языке. Алма-Ата, 1967.
25. Қудайбергенов М. Қаракалпак тилиниң морфонологиясы. Нөкис, 2005.
26. Малов С.Е. Памятники древнетюркской письменности. Москва, 1952.

27. Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке. Нукус, 1966.
28. Мелиоранский П М. Краткая грамматика казахско-киргизского языка. Ч.1. –Спб.,1994.
29. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. -Нукус -Казань, 1976.
30. Насыров Д.С, Доспанов О, Бекбергенов А, Сайтов Д Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили. Нөкис, 1995.
31. Неъматов Ҳ. Узбек тили тарихий фонетикаси. -Ташкент, 1992.
32. Поливанов Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка. //Труды Хорезмской экспедиции. Ташкент, 1933.
33. Поливанов М. Қазақ т?л?н?ң тарийхы грамматикаси (фонетика, морфология) Алма-ата, 1981.
34. Ражабов Н. Узбек диалектологиясидан қулланма./фонетик ходисалар/ Самарканд, 1974.
35. Сайтов Д. XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырлары шығармаларынын тили. Нөкис, 1989.
36. Севортян Э.В. Фонетика турецкого литературного языка. Москва, 1965.
37. Томанов М. К истории совместно-орудного падежа в казахском языке. Алма-Ата, 1982.
38. Трубецкий И.С. Основы фонологии. Москва, 1960.
39. Убайдуллаев К. Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1965.
40. Убайдуллаев К. Қарақалпак тили бойынша таңламалы мийнетлери. Нөкис, 1976.

41. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Ленинград, 1987.